

KONTE ORANGE

Blòk Sibvansyon pou Devlopman Kominotè -

PLAN REKONSTRIKSYON APRÈ YON KATASTWÒF NATIRÈL

PLAN AKSYON

POU SIKLÒN MILTON



COMMUNITY
DEVELOPMENT
BLOCK GRANT

**DISASTER
RECOVERY**



Tab Kontni

Jounal Chanjman.....	7
Rezime.....	8
Apèsi.....	9
APÈSI PATIKILYE SOU KATASTWÒF NATIRÈL.....	9
Siklòn Milton (DR-4834-FL)	9
Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difikilte (MID)	10
Zòn MID Benefisyè yo Idantifye	11
Apèsi sou Enpak Katastwòf natirèl Kalifye a	12
Evalyasyon Bezwen Ki Poko Satisfè.....	15
EVALYASYON BEZWEN KI POKO SATISFÈ AK ALOKASYON	15
Enpak Lojman ak Bezwen Ki Poko Satisfè	16
Enpak sou Enfrastrikti ak Bezwen ki pa Satisfè	27
<i>Enpak Ekonomik ak Bezwen ki poko Satisfè</i>	30
Evalyasyon Bezwen sou Limit Domaj.....	33
SISTÈM TWOPIKAL: GWO RISK.....	35
TWOU FON / TÈ KI AP PLONJE GWO RISK.....	38
RISK LORAJ VYOLAN - MWAYEN	41
GWO RISK DANJE KI DÈYÈ TÒNAD	41
LAGRÈL: RISK MWAYEN DANJE KI DEYÈ L	42
ZÈKLÈ: RISK MWAYEN DANJE KI DEYÈ L	43
INONDASYON RISK MWAYEN	45
DIFE NAN FORÈ: RISK MWAYEN.....	46
TANPERATI EKSTRÈM: RISK MWAYEN	47
SECHRÈS – DANJE SEGONDÈ: RISK MWAYEN	48
RISK MWAYEN DANJE KI DÈYÈ TANPÈT IVÈ / JÈL	49
DANJE KI DÈYÈ VAG CHALÈ: RISK MWAYEN.....	50
ESTRATEJI GLOBAL SOU LIMIT DOMAJ YO.....	51
Bezwen ki poko Satisfè ak Bezwen Limit Domaj yo an Koneksyon ak Pwogram Pwopoze yo	52
ENSÈSYON EVALYASYON BEZWEN KI POKO SATISFÈ NAN MID AK NAN PWOGAM KI PWOPAZE YO..	52
ENSÈSYON EVALYASYON BEZWEN POU LIMIT DOMAJ NAN MID AK NAN PWOGAM KI PWOPAZE YO	53
DEPLASMAN MOUN OSWA ANTITE	54

OBJEKTIF NASYONAL YO	55
PLAFON DISTRIBISYON AK ATRIBISYON	55
KRITÈ FINANSMAN	55
Kritè Eksepsyon Jeneral	55
Obligasyon Jeneral ak Depans Fon yo.....	56
Evalyasyon sou Efikasite an Rapò ak Pri.....	56
Patnè Pwogram ak Patisipasyon	57
ADMINISTRASYON	57
PLANIFIKASYON.....	57
LOJMAN.....	59
Apèsi sou Pwogram Lojman yo	59
Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay.....	59
Pwogram Reparasyon Lojman pou Lwaye	61
<i>Nouvo Konstriksyon Lojman Abòdab</i>	63
ENFRASTRUKTI.....	65
Apèsi sou Pwogram Enfrastrukti	65
Pwogram Rekonstriksyon Enfrastrukti ak Enstalasyon Piblik yo.....	66
SÈVIS PIBLIK.....	68
Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik	68
Pwogram Sèvis Piblik.....	69
CDBG-DR FON POU LIMIT DOMAJ	71
Apèsi sou Pwogram Rezèv Limit Domaj CDBG-DR.....	71
Program Limit Domaj	71
PLANIFIKASYON.....	73
Enfòmasyon Jeneral	74
PATISIPASYON SITWAYEN	74
Konsiltasyon sou Devlopman Plan Aksyon an.....	74
Angajman ak Patnè Kominotè, ONG, Gwoup Defans, ak Enstitisyon Tribal	74
Reyinyon Kominotè	76
Angajman ak Otorite Lojman Piblik yo.....	77
Angajman ak Gouvènman Lokal ak Minisipalite yo	77
KÒMANTÈ PIBLIK.....	78
ODYANS PIBLIK.....	78



Konsiderasyon kòmantè piblik yo	80
PLENT SITWAYEN YO	80
Fè Apèl	81
SIT ENTÈNÈT PIBLIK	81
CHANJMAN NAN PLAN AKSYON AN	82
Amanman.....	82
Amanman Esansyèl	83
Amanman Ki Pa Esansyèl	83
RAPÒ PÈFÒMANS.....	84
Anèks A:	85
SÈTIFIKASYON.....	85
Anèks B: Dispans	88
Anèks C: Fòm Nòminal 424	89
Anèks D: Kòmantè Piblik	90

Tablo ak Imaj

Tablo 1: Moun Ki Gen Ti Revni oswa Mwayen nan Florid	13
Tablo 2: Zòn Ki Deklare Kòm Pou moun Ki Gen Ti Revni Oswa Revni Mwayen.....	13
Tablo 3: Apèsi sou Katastwòf Natirèl.....	15
Tablo 4: Apèsi sou Alokasyon CDBG-DR	15
Tablo 5: Rezime Bezwen Ki Poko Satisfè Ak Pwopozisyon Sou Fason Pou Distribiye Fon yo	16
Tablo 6: Rezime Sou Evolisyon Lojman Lokatè yo Okipe Selon Ane yo Te Konstwi Nan Florid ak Konte Orange.....	19
Tablo 7: Kontinyòm Swen (COC) nan Osceola, Orange, Seminole pou Siklòn Milton	22
Tablo 8: Kontinyòm Swen (COC) nan Orlando pou Siklòn Milton	22
Tablo 9: Demann Pou Lojman Atravè Pwogram FEMA IA, Selon Kalite Kay Nan Konte Orange.....	23
Tablo 10: Repatisyon Demann Pwopriyetè Kay Nan FEMA IA.....	25
Tablo 11: Repatisyon Demann Lokatè Nan FEMA IA	25
Tablo 12: Domaj Sou Pwopriyete Pou Pwopriyetè Kay, (jan Metòd HUD presize I) pa FEMA	25
Tablo 13: Domaj Sou Byen Pèsonèl Pou Lokatè, (jan metòd HUD presize) pa FEMA	25
Tablo 14: Rezime Enpak Total ak Bezwen Lojman Ki Rete pou Konte Orange	28
Tablo 15: Enpak sou Enfrastrikti nan Konte Orange.....	29
Tablo 16: Estimasyon Depans Enfrastrikti ak Bezwen Ki Poko Satisfè pou Konte Orange	29
Tablo 17: Estimasyon Depans Enfrastrikti ak Bezwen Ki Poko Satisfè pou Konte Orange	29
Tablo 18: Pèt Pwopriyete Biznis Ki Verifye pou Tout Moun Ki Aplike Nan SBA	32
Tablo 19: Evalyasyon Risk ak Klasifikasyon.....	35
Tablo 20: Risk Wo ak Mwayen nan LMS Konte Orange (Danje Natirèl)	36
Tablo 21: Sistèm Twopikal andedan Fwontyè Konte Orange 1950–2017.....	37
Tablo 22: Twou Fon nan Konte Orange, Florid, 1961–2021	39
Tablo 23: Estatistik Anyèl sou Kout Zeklè nan Konte Orange.....	45
Tablo 24: Estatistik Kategorik Sou Sechrès Daprè U.S. Drought Monitor.....	49
Tablo 25: Evalyasyon Bezwen pou Fon CDBG-DR Rezève pou Limite Domaj.....	52
Tablo 26: Distribisyon Fon Pwogram CDBG-DR ak Limit Finansman	53
Tablo 27: Distribisyon Fon CDBG-DR ak Limit Finansman	56
Tablo 28: Apèsi sou Aktivite Administrasyon Benefisyè a	58
Tablo 29: Apèsi sou Aktivite Planifikasyon Benefisyè a	58
Tablo 30: Apèsi sou Pwogram Lojman Benefisyè yo	59
Tablo 31: Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti Benefisyè yo	65
Tablo 32: Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik Benefisyè yo.....	68

Tablo 33: Rezime sou Alokasyon Rezèv Mitigasyon CDBG-DR	71
Tablo 34: Apèsi sou Pwogram Rezèv Mitigasyon CDBG-DR Benefisyè yo	71
Tablo 35: Konsiltasyon ak Patnè nan Rekonstriksyon	73
Tablo 36: Angajman Patnè Kominotè	74
Tablo 37: Repons Piblik la Bay: Kat Kòmantè	76
Tablo 38: Odyans Piblik sou Plan Aksyon CDBG-DR	78
Imaj 1: Kay bato ki inonde nan Windermere, an pati kouvri anba dlo aprè Siklòn Milton. Sou foto: West Orange Times Observer	11
Imaj 2: Popilasyon ki gen Revni Ba oswa Mwayen nan Konte Orange Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Sant Florid)	12
Imaj 3: Katografi Deklarasyon Katastwòf Natirèl pou Siklòn Milton (DR-4834-FL) nan dat 04/11/2024	14
Imaj 4: Imaj Satelit Siklòn Milton nan dat 8 Oktòb 2024 pandan l t ap pwoche Florid	15
Imaj 5: Popilasyon Ki Gen Difilite pou Peye Lojman nan Konte Orange. Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Sant Florid)	18
Imaj 6: Pousantaj Popilasyon Lokatè nan Sektè Resansman Konte Orange Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Sant Florid)	20
Imaj 7: Pousantaj Popilasyon ki gen Revni Ba oswa Mwayen nan Konte Orange Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Sant Florid)	21
Imaj 8: Aplikasyon pou Asistans Endividyèl (IA) FEMA Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Santral Florid)	24
Imaj 9: Enpak Konpoze Asistans Endividyèl FEMA (IA) atravè Konte Orange. Sous Katografi: University of Central Florida (Inivèsite Sant Florid)	26
Imaj 10: Trajektwa Siklòn Ian (2022) ak Milton (2024)	31
Imaj 11: Katografi Sit Twou Fon nan Konte Orange, Florid, 1961–2021	41



Jounal Chanjman

Vèsyon (Dat)	Rezime sou Chanjman ki Fèt yo
Vèsyon 1 (15 Avril 2025)	Plan Aksyon ki te pibliye.
Vèsyon 2 (18 Jen 2025)	Plan Aksyon ki te voye bay HUD

Rezime

Nan mwa Oktòb 2024, Siklòn Milton te frappe Sant Florid avèk yon fòs destriktif, li te kite yon tras dega nan tout Konte Orange e li te pwovoke yon deklarasyon katastwòf natirèl federal (DR- 4834-FL). Akòz dega katastwòf natirèl la te koze—ki gen ladan pèt lojman, dega enfrastrikti, ak pètibasyon ekonomik—Konte Orange te resevwa 33,357,000\$ nan finansman Sibvansyon Blòk Devlopman Kominotè—Plan Rekonstriksyon Aprè Katastwòf natirèl (CDBG-DR) nan men Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD). Yo te mete alokasyon sa a disponib atravè Lwa Ameriken pou Sekou 2025 (American Relief Act) la, epi li vize pou sipòte plan rekonstriksyon alontèm nan kominote ki te pi gravman afekte yo e ki gen pi gwo defi pou rive reprann nèt san asistans siplemantè. Plan Aksyon sa a dekri estrateji Konte a pou itilize fon sa yo pou reponn bezwen ijan ki poko jwenn solisyon, ankouraje yon plan rekonstriksyon efikas, epi envesti nan rezilyans kominote a.

Siklòn Milton te swiv yon menm chemen ak Siklòn Ian (2022), sa ki te aggrave vilnerabilite ki te deja egziste nan lojman, enfrastrikti, ekonomi ak sèvis piblik yo. Avèk rafal van ki te rive jiska 140 kilomèt alè epi plis pase 10 pous lapli nan kèk zòn, tanpèt la te lakòz gwo inondasyon, domaje plizyè milye kay, koupe kouran toupatou, epi pètibe biznis ak sèvis esansyèl yo. Evalyasyon Konte a sou bezwen ki poko satisfè—ki baze sou done Ajans Federal pou Jesyon Ijans (FEMA), Administrasyon Ti Biznis (SBA), ansanm ak opinyon aktè lokal yo—idantifye plis pase 279 milyon dola domaj. Aprè yo fin pran an konsiderasyon lòt sous finansman, toujou rete apeprè 196 milyon dola nan kantite bezwen plan rekonstriksyon ki poko satisfè. Pifò nan lajan sa a konsantre nan lojman (77%), aprè sa nan redrèsman ekonomik (19%), epi nan enfrastrikti (4%). Evalyasyon sa a reflekte tou de gravite katastwòf natirèl la ak difikilte finansye ki te deja egziste e ke anpil rezidan Konte Orange ap fè fas ak yo, sitou fanmi ki gen revni ki ba rive mwayen (LMI), ki reprezante prèske mwatye popilasyon Konte a.

Pou reponn ak bezwen sa yo, Konte Orange pral envesti nan yon seri pwogram rekonstriksyon ki vize pou repare ak ranplase kay ki domaje, rekonstwi enfrastrikti piblik ki esansyèl, epi bay asistans pou ti biznis yo. Plan Aksyon an priyorize reparasyon lojman atravè twa pwogram esansyèl: Reparasyon Kay Pwopriyetè, Reparasyon Lojman pou Lwaye, ak Nouvo Konstriksyon Lojman Abòdab. Pwogram sa yo reponn tou de ak domaj ki gen rapò ak katastwòf natirèl yo epi difikilte pou jwenn lojman abòdab yo — tankou mank lojman pou lwe ki abòdab ak kou lojman ki wo pami lokatè ak pwopriyetè ki gen revni ba. Fon Enfrastrikti yo ap ede kouvri twou ki rete nan sistèm sèvis piblik yo ak nan enstalasyon piblik ki nan zòn katastwòf natirèl yo afekte. Fon Redinamizasyon Ekonomik yo pral soutni ti biznis ki sibi pèt nan pwopriyete yo oswa deranjman nan operasyon yo, ak yon atansyon espesyal pou sa yo ki te refize oswa ki pa t kapab jwenn prè SBA. Pwogram sa yo enkòpore tou mezi pou estabilize mendèv, pou anpeche pèdi djòb epi ranfòse ekonomi lokal la atravè founiti sèvis piblik.

An akò ak egzijans HUD yo, 100% nan alokasyon CDBG-DR la pral itilize nan zòn HUD deziyen kòm pi afekte ak pi an difikilte (MID) yo — ki enkli tout Konte Orange — epi omwen 70% nan fon yo ap benefisye moun ak kay LMI (revni ba ak mwayen). Konte a angaje l tou pou itilize omwen 15% nan alokasyon total la pou aktivite mitigasyon ki redui risk pou lavni epi bati rezilyans alontèm. Yo te evalye bezwen mitigasyon yo lè yo sèvi ak Plan Eta Florid pou Limite Danje (SHMP) ansanm ak Estrateji Lokal pou Limit Domaj nan Konte Orange (LMS), ki idantifye danje gwo risk tankou siklòn, inondasyon, twou fon, ak tònad. Lè Konte a entegre mitigasyon nan pwogram rekonstriksyon lojman ak enfrastrikti, objektif li se pa sèlman reprann fòs, men tou sòti pi solid ak plis rezilyan.

Devlopman Plan Aksyon sa a te gide pa yon angajman reyèl ak kominote a, ki enkli reyinyon piblik, konsiltasyon ak jiridiksyon lokal yo, òganizasyon san bi likratif, otorite lojman yo, ak antite tribi yo, ansanm ak koleksyon kòmantè piblik yo. Konte Orange rete angaje nan transparans, efikasite, ak responsabiltè pandan tout aplikasyon pwogram CDBG-DR li yo. Plan Aksyon sa a bay yon plan wout ki klè ak vizyonè pou rekonstriksyon— yon plan ki adrese pi gwo enpak Siklòn Milton yo, ki pran an kont bezwen ki poko reponn yo, epi ki mete Konte Orange nan pozisyon pou yon avni ki pi rezilyan.

Apèsi

Depatman Lojman ak Devlopman Iben Etazini (HUD) te atribiye 33,357,000\$ pou Konte Orange, Florid, pou soutni efò rekonstriksyon alontèm aprè Siklòn Milton (DR-4834-FL). Fon Sibvansyon pou Devlopman Kominotè – Rekonstriksyon Aprè Katastwòf natirèl (CDBG-DR) fèt pou reponn bezwen ki pap kouvri pa lòt sous asistans. Plan sa a bay detay sou fason yo pral itilize fon yo pou reponn ak bezwen ki poko satisfè nan Konte Orange, Florid.

Pou satisfè bezwen rekonstriksyon aprè katastwòf natirèl, lwa ki mete fon CDBG-DR yo disponib te enpoze kondisyon adisyonèl epi yo te otorize HUD pou modifiye règleman ki aplike pou pwogram CDBG anyèl la, pou ogmante fleksibiltè epi fasilite yon rekonstriksyon ki pi rapid. 33,357,000\$ nan fon CDBG-DR ki te atribiye pou Konte Orange yo te fèt disponib atravè American Relief Act 2025 (Lwa Ameriken sou Ed) (Lwa Piblik 118-158) epi atravè piblikasyon nan Federal Register (90 FR 4759). -

APÈSI PATIKILYE SOU KATASTWÒF NATIRÈL

Nan mwa Oktòb 2024, [Siklòn Milton \(DR-4834-FL\)](#) te frape Konte Orange e sa te mennen nan deklarasyon katastwòf natirèl prezidansyèl yo ansanm ak disponibiltè Asistans Piblik ak Asistans Endividyèl FEMA nan Konte Orange.

Siklòn Milton (DR-4834-FL)

Nan pi gwo fòs li, sèlman 24 èdtan aprè li te tounen yon tanpèt twopikal, Milton te vin yon siklòn Kategori 5 ak van ki te rive jiska 290 kilomèt pa èdtan, ak yon presyon barometrik ekstrèmman ba, epi ak yon je tanpèt ki te sanble ak yon “twou epeng”. Sa te fè Milton vin senkyèm siklòn ki pi fò nan Atlantik la anvan li te frape tè a kòm yon gwo siklòn Kategori 3 toupri Siesta Key, Florid, nan dat 9 Oktòb 2024. De zan anvan, Siklòn Ian, ki te pi destriktif, te swiv yon chimen ki sanble atravè Konte Orange. Prezidan an te deklare yon gwo katastwòf natirèl pou Eta Florid nan dat 11 Oktòb 2024, kidonk Siklòn Milton, dapre otorite li genyen anba Stafford Act.

Malgre se nan lwès ak sidwès Konte Orange yo te santi pi gwo enpak yo, tanpèt la te pote gwo konsekans nan tout Konte a, ak van fò, gwo lapli, epi yon koupe kouran ki gaye toupatou. Siklòn nan te pwodui rafal van ki te rive jiska 140 kilomèt pa èdtan nan Konte a, sa ki te koze domaj nan kay, biznis, ak enfrastruktir, epi li te fè pyebwa ak fil kouran tonbe. Anplis, gen kèk pati nan Konte a ki te resevwa plis pase 10 pous lapli, sa ki te lakoz inondasyon lokalize ak ogmantasyon dlo nan riviye ak ravin zòn nan. Entansite Siklòn Milton te lakòz plis pase 42 avètisman tònad atravè Florid Santral epi li te koupe kouran pou plis pase 170,000 kliyan Duke ak OUC.



Imaj 1. Kay bato ki inonde nan Windermere, an pati kouvri anba dlo aprè Siklòn Milton. Sous foto: West Orange Times Observer.

An jeneral, Siklòn Milton te lakoz gwo domaj ak 35 moun ki pèdi lavi yo rapòte atravè tout Eta a. Li te koze domaj nan enfrastrikti ak inondasyon devastatè atravè plizyè konte nan Florid, sa ki vin agrave domaj lan ak lòt tanpèt te deja lakòz. Tanpèt sa yo te mennen nan evakyasyon, operasyon sekou, ak efò rekipasyon ki toujou ap kontinye atravè rejyon ki te afekte a.

Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difikilte (MID)


Konte Orange ansanm ak tout minisipalite yo se Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difikilte (MID). Nan Plan Aksyon CDBG-DR ke HUD egzije a, benefisyè yo dwe dekri bezwen ki poko reponn nan Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Detrès (MID) ke HUD idantifye; alokasyon fon yo baze sou bezwen ki poko reponn nan kominote sa yo an patikilye, ke HUD idantifye kòm sa ki gen mwens chans pou rekipere nèt san asistans adisyonèl. Benefisyè yo oblije itilize omwen 80% nan sibvansyon CDBG-DR la pou benefisye Zòn MID ke HUD idantifye yo, sa ki fasil pou reyalize paske tout Konte a se yon Zòn MID. Nan lòt evènman katastwòf natirèl, Zòn MID la ka sèlman kouvri yon pati jeyografik nan jiridiksyon an. Gouvènman lokal ki benefisyè, kote HUD idantifye tout jiridiksyon yo kòm Zòn MID, dwe itilize 100% nan sibvansyon CDBG-DR la pou benefisye Zòn MID HUD idantifye a. Deskripsyon ekri sou bezwen sa yo ansanm ak itilizasyon katografi se mwayen ki gen gwo enpak pou ilistre bezwen rekonstriksyon Konte a bay piblik la.

Plan Aksyon an dwe idantifye tou fason tout fon CDBG-DR yo pral itilize — sa gen ladann kritè kalifikasyon yo ak kijan yo pral reponn ak bezwen rekonstriksyon alontèm, restorasyon enfrastrikti ak lojman, revitalizasyon ekonomik, ak aktivite mitigasyon nan Zòn MID yo.

Zòn MID Benefisyè yo Idantifye

Jan Avi Federal Register (Rejis Federal) la egzije a, Konte Orange pral depanse 100% nan alokasyon li nan Zòn MID HUD idantifye yo, ki gen ladan tout Konte Orange. Anplis, pa mwens pase 70% nan alokasyon total la pral depanse pou benefisyè moun ki gen revni ba oswa mwayen (LMI). Tout pwogram CDBG-DR ki pwopoze yo ap enkli kèk inisyativ mitigasyon ki gen rapò ak rekiperasyon aprè katastwòf natirèl, epi yo ap pèmèt tou aktivite pou limit domaj endepandan pou asire Konte Orange respekte egzijans 15% Depans Limit Domaj Kongrè te etabli pou fon sa yo.

Katografi ak tablo ki swiv yo montre kijan popilasyon ki gen revni ba oswa mwayen distribye atravè Konte Orange, epi fè konparezon ak sa ki genyen nan fouchèt Eta a. Premye tablo a prezante done sou moun ki gen revni ba oswa mwayen (LMI) nan Florid, lè l sèvi ak papòt Revni Mwayèn Zòn nan (AMI).



Imaj 2: Ba rive Mwayen Popilasyon nan Konte Orange Sous Katografi: University of Central Florida

Kategori	Total Moun	Total Popilasyon	Pousantaj LMI
Ba (<50% AMI)	5,423,482	20,784,704	26%
Ba rive Mwayen (80% AMI)	9,330,950	20,784,704	45%
LMMI (< 120% AMI)	13,381,125	20,784,704	64%

Tablo 1: Moun ki gen Revni Ba oswa Mwayen nan Florid Sous Done: US Census, ACS 2019-2023.

Konte	MID – Total Popilasyon	MID – Total Moun LMI	MID% LMI
Orange	1,342,545	629.355	47%


Tablo 2: Moun ki gen Revni Ba oswa Mwayen nan Zòn ki Deklare Sous Done: US Census, ACS 2019-2023.

Yon total popilasyon Florid ki se 20,784,704, ki apeprè 26% (5.42 milyon moun) tonbe pi ba pase 50% AMI, sa ki klase yo kòm moun ki gen revni ba. Lè yo elaji fouchèt la pou enkli moun ki anba 80% AMI, sa ogmante popilasyon LMI a rive 45% (9.33 milyon moun); epi lè yo elaji fouchèt la ankò pou enkli moun ki anba 120% AMI — ki klase kòm revni ba-modere-mwayen (LMMI) — sa ogmante popilasyon an rive 64% (13.38 milyon moun) nan tout Eta a.

Dezyèm tablo a konsantre sou Konte Orange, youn nan Zòn MID (Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difikilte) ke HUD deziyen. Sou yon total popilasyon MID ki se 1,342,545, apeprè 629,355 rezidan konsidere kòm LMI, sa ki reprezante 47% nan popilasyon Konte a. Sa montre ke prèske mwayen nan popilasyon Konte Orange ka kalifye pou pwogram oswa resous ki vize kay LMI yo, sa ki mete aksan sou yon gwo bezwen nan kontèks rekipirasyon aprè katastwòf natirèl.

Apèsi sou Enpak Katastwòf natirèl Kalifye a

Katastwòf natirèl kalifye a, Siklòn Milton (DR-4834-FL), te koze gwo dega toupatou nan Konte Orange, li te frape zòn rezidansyèl yo ak gwo inondasyon, domaj estriktirèl nan kay yo, ak gwo pètibasyon nan enfrastrikti, sa ki kite yon enpak dirab sou kominote a. Bezwen ki pi ijan kounye a ki poko reponn yo se reparasyon lojman alontèm, restorasyon enfrastrikti kritik, ak revitalizasyon ekonomik, sitou nan katye ki pi frape yo nan lwès ak sidwès Konte Orange. Anpil nan enpak yo obsève yo te vin agrave enpak tanpèt anvan yo, tankou Siklòn Ian. Avèk yon estimasyon total domaj ki rive 243,520,269\$ plizyè santèn kay nan Konte Orange sibi domaj tankou twati fann, dlo ki antre lakay, ak mi ki vin afebli, sa ki rann anpil inite lojman pa abitab akòz gwo lapli, inondasyon, ak van fò siklòn yo.



Imaj 3: Katografi Deklarasyon Katastwòf Natirèl Siklòn Milton (DR-4834-FL) nan dat 11/04/2024 Sous Imaj: FEMA.



Imaj 4: Imaj Satelit Siklòn Milton nan dat 8 Oktòb 2024 pandan l t ap pwoche Florid. Kredi pou ImajImaj Tanpèt Milton, NOAA.

Katastwòf Natirèl Kalifye :	Siklòn Milton ak Katastwòf FEMA (DR-4834-FL)
Zòn MID HUD idantifye	Konte Orange
Zòn MID Benefisyè yo Idantifye	Konte Orange

Tablo 3: Apèsi sou Katastwòf Natirèl.

Alokasyon CDBG-DR:	29,006,000\$
Tout Mezi pou LimiteDomaj CDBG-DR A pa:	4,351,000\$
Alokasyon Total:	33,357,000\$

Tablo 4: Apèsi sou Alokasyon CDBG-DR.

Evalyasyon Bezwen Ki Poko Satisfè

EVALYASYON BEZWEN KI POKO SATISFÈ AK ALOKASYON

Konte Orange fin fè evalyasyon sa a pou idantifye bezwen kominotè yo nan tout konte a, lè li egzamine efè ki rete yo aprè katastwòf kalifye a, sitou sa ki gen rapò ak lojman, enfrastrikti, ak ekonomi. Evalyasyon an fèt sou baz done ki mezire e ki verifiye, jan yo te disponib nan dat 26 Fevriye 2025. Espesyalman, jan HUD egziye sa, evalyasyon sa a egzamine bezwen lojman yo atravè kat gwo domèn sa yo : (1) Abri ijans; (2) Lojman pwovizwa ak lojman pèmanan; (3) Kay lokatif ak kay pwopriyetè yo okipe — kay yon sèl fanmi ak plizyè fanmi; (4) Lojman piblik (ki gen ladan lojman HUD ap sipòte) ak lòt fòm lojman abòdab.

Tablo ki anba a rezime pèt yo ak bezwen ki poko satisfè ki gen rapò ak enpak Siklòn Milton sou Konte Orange. Analiz sou bezwen ki poko satisfè a idantifye yon kantite total bezwen rekonstriksyon ki poko satisfè ki rive nan 196,195,0891\$.

Rezime sou Enpak/Sipò	Lojman	Enfrastrikti	Ekonomi	Total
Kantite Enpak Estime	157,123,775\$	36,551,008\$	85,545,954\$	279,220,737\$
Kantite Fon Disponib	5,228,919\$	29,257,637\$	48,539,092\$	83,025,648\$
Bezwen ki poko satisfè (enpak– Fon ki disponib) + Rezilyans Depans	151,894,856\$	7,293,371\$	37,006,862\$	196,195,089\$
% Total Bezwenki Poko Satisfè	77%	4%	19%	100%

Tablo 5: Rezime Bezwen Ki Poko Satisfè Ak Pwopozisyon Sou Fason Pou Distribye Fon yo

Enpak total estime pou Siklòn Milton nan Konte Orange sou lojman, enfrastrikti, ak ekonomi rive 279,220,737\$. Lojman reprezante pi gwo pati nan domaj yo ak yon montan 151,894,856 \$ (77% nan total bezwen ki poko satisfè yo), epi ekonomi an swiv ak 37,006,862\$ (19%), pandan enfrastrikti a konte pou 7,293,371\$ (4%). Fon ki disponib yo pi ba anpil, ak yon total 83,025,648\$ ki disponib pou efò rekonstriksyon yo. Gwo diferans finansman sa a, sitou nan efò rekonstriksyon lojman ak relansman ekonomik, egziye plis sipò finansye pou asire yon rekipèasyon konplè. Analiz la montre lojman se pi gwo bezwen ki rete pou fon CDBG-DR, ki lòt sous finansman poko kouvri; aprè sa vini relansman ekonomik, epi an final enfrastrikti.

¹ Bazdone yo itilize pou analiz sou bezwen ki poko satisfè yo tankou: Done OPEN FEMA sou Asistans Piblik (PA) ak Done sou Demandè yo; Done sou Demandè pou Asistans Endividyèl (IA); Deklarasyon Katastwòf OPEN FEMA; Done HUD sou LMI ak Kontinyòm Swen; Done SBA sou Rapò Kay ak Biznis; Done Resansman Etazini.




Enpak Lojman ak Bezwen Ki Poko Satisfè

Seksyon ki anba a dekri pèt yo ak bezwen ki poko satisfè ki gen rapò ak enpak Siklòn Milton sou rezèv lojman nan Konte Orange. Analiz sou bezwen ki poko satisfè a idantifye yon total bezwen rekonstriksyon lojman, ki enkli depans pou rezilyans, ki egal a 151,894,856\$.

Abòdabilite Lojman nan Konte Orange

Florid ap fè fas ak yon gwo mank lojman pou lokasyon ki abòdab ak aksesib pou fanmi ki gen revni trè ba — sa vle di fanmi yo defini kòm sa yo ki touche 30% oswa mwens nan revni mwayèn zòn nan (AMI) oswa nan nivo povrete federal la. Yon gwo pati nan fanmi sa yo ap fè fas ak gwo chay depans, kote plis pase mwatye nan revni yo ap ale nan depans pou lojman. Pa konsekan, yo plis ekspozè ak difikilte finansye, e souvan yo oblije abandone kèk bezwen esansyèl tankou manje nitrisyonèl ak swen sante pou yo kapab peye lwaye. Enstabilite finansye sa a ogmante tou chans pou yo konfwonte ak ensekirite lojman, tankou menas pou yo mete yo deyò nan kay yo. Daprè Pwofil Lojman Florid 2024 Kòliksyon Nasyonal pou Lojman Revni Ba (National Low Income Housing Coalition), genyen 583,625 fanmi lokatè (20%) ki gen revni ekstrèmman ba.² Gen yon mank 435,879 kay lokatif ki konsidere kòm abòdab epi disponib pou lokatè ki gen revni trè ba. An 2024, limit revni mwayèn pou yon fanmi 4 moun ki gen revni ekstrèmman ba se 27,790\$, tandiske revni anyèl yon fanmi bezwen genyen pou peye yon kay lokatif de chanm anba Lwaye Mache Nòm (Fair Market Rent) HUD la se 73,308\$. Pou Eta a, 82% fanmi ki nan lokasyon ki gen revni ekstrèmman ba ap sibi gwo chay depans pou lojman. Fanmi lokatè ki depanse plis pase 30% nan revni yo pou chaj lojman ak sèvis piblik yo sibi chay depans enpòtan; sa yo ki depanse plis pase mwatye nan revni yo sibi chay depans trè enpòtan.

² Sous: Rapò GAP 2024 Kowalisyon Nasyonal pou Lojman Revni Ba w ap jwenn sout https://nlihc.org/sites/default/files/gap/2024/Gap-Report_2024.pdf ; Data also at NLIHC <https://nlihc.org/housing-needs-by-state/florida>. Yo fè referans ak done ACS 2023, ki endike kondisyon ki te egziste anvan Siklòn Milton.



Imaj 5: Popilasyon anba Chay Depans Lojman – Konte Orange Sous Katografi: University of CentralFlorida


Kat ki anwo a montre distribisyon chay depans lojman nan tout konte a. Daprè Plan Konsolide 2022-2026 ak Plan Aksyon Anyèl 2022-2023 pou Konte Orange, gwo defi lojman prensipal nan Konte Orange se pri lojman ki pa abòdab. Apeprè 31% nan fanmi yo ap fè fas ak chay depans lojman, kote fanmi ki gen revni ba oswa mwayen reprezante 69% nan sa yo ki afekte yo. Gwo chay depans lojman yo afekte sitwayen ki gen revni pi ba yo plis, paske prèske 97% nan fanmi ki afekte yo antre nan kategori sa a. Pami fanmi k ap touche mwens pase 30% nan Revni Mwayèn Fanmi nan Zòn Lojman an (HAMFI), 65% ap fè fas ak gwo chay depans lojman. Pandan abòdabilite se pwoblèm ki pi enpòtan, apeprè 3% nan fanmi yo ap lite tou ak twòp moun nan menm kay ak move kondisyon lojman.

Yon lòt eleman ki kle nan abòdabilite lojman ak nan konpreyansyon bezwen kominotè yo, se konprann kantite ak kalite lojman abòdab ki genyen nan konte a. Tablo ki anba a dekri distribisyon inite nan lokasyon lokatè yo okipe selon ane yo te bati yo nan Konte Orange, konpare ak eta a.

Ane Konstwi	Nan tout Eta a			Konte Orange		
	Kantite Inite Lojman pou Lokasyon Lokatè yo Okipe	Pousantaj Inite Lojman sou Lokasyon	Pousantaj Tout Inite yo	Kantite Inite Lojman pou Lokasyon Lokatè yo Okipe	Pousantaj Inite Lojman sou Lokasyon	Pousantaj Tout Inite yo
2020 oswa aprè	41,928	2%	0.49%	3,403	0%	0.09%
2000 jiska 2019	332,736	14%	3.89%	37,098	4%	1.00%
1980 jiska 1999	933,077	40%	10.91%	76,513	9%	2.06%
1960 jiska 1979	742,648	31%	8.69%	41,806	5%	1.13%
1940 jiska 1959	241,513	10%	2.82%	12,264	1%	0.33%
1939 oswa avan	69,479	3%	0.81%	3,969	0%	0.11%
Total Inite Lwaye	2,361,381	100%	27.62%	175,053	20%	4.72%
Inite Lojman Total	8,550,911		100.00%	508,907		13.72%

Tablo 6: Rezime sou Evolisyon Kay Lokatè yo Daprè Ane yo te Konstwi nan Florid ak Konte Orange

Nan tout Eta a, inite lojman lokatif ki okipe pa lokatè yo reprezante 27.62% nan tout lojman, ak pi gwo konsantrasyon an (40%) ki te konstwi ant 1980–1999. Nan Konte Orange, inite lojman nan lokasyon lokatè yo okipe reprezante 4.72% nan tout lojman, ak 9% ladan yo ki te konstwi ant 1980–1999. Daprè done yo, yon gwo pati nan rezèv lojman lokatif la ap vin ansyen, sa ki ka gen enpak sou rezilyans ak bezwen pou antretyen. Pousantaj relativman ba nan nouvo lojman na lokasyon lokatè yo okipe (0.09% ki bati an 2020 oswa aprè) mete aksan sou yon mank devlopman resan pou satisfè demann lojman k ap ogmante a.




Imaj 6: Pousantaj Popilasyon Lokatè nan Sektè Resansman Konte Orange. Sous Katografi: University of Central Florida

Dènye done sou popilasyon lokatè ki sòti nan Resansman Sondaj sou Kominote Ameriken (American Community Survey, ACS) 2019-2023 yo trase sou katografi ki anlè a, pou montre kijan lokatè yo distribye nan espas Konte Orange.

Abri Ijans, Lojman Pwovizwa, ak Lojman Pèmanan

Tab ki anba a prezante done sou sitiyaasyon moun san kay nan yon zòn jeyografik espesifik aprè pasaj Siklòn Milton. Li bay yon foto sou sitiyaasyon moun ki san kay nan yon moman espesifik, sa ki enkli moun ki nan abri ijans, nan lojman tranzitwa, ansanm ak moun ki pa gen okenn abri ditou. Anplis, li bay detay sou kantite total moun san kay nan Konte Orange, ki idantifye kòm zòn MID la. Pwosesis kolekte done yo enplike nan idantifye valè ki sòti nan plizyè nivo jeyografik diferan. ansanm ak zòn MID la — epi klase yo

selon kategori ki koresponn lan. Enfòmasyon sa a enpòtan anpil pou evalye enpak imedya tanpèt la sou sitiyasyon moun san kay yo epi pou ede tout aktè ki enplike yo mezire dimansyon pwoblèm nan epi devlope estrateji repons ki vize dirèkteman sou bezwen yo. Lè nou konsidere gravite ak lajè enpak tanpèt la, li pwobab ke moun ki san kay nan Konte Orange fè fas ak gwo difikilte ki konsiderableman ap vin ogmante.



Imaj 7: Pousantaj Popilasyon ki gen Revni Ba oswa Mwayen nan Konte Orange. Sous Katografi: University of Central Florida

Done sou moun san kay yo mete plis aksan sou kriz lojman ki pa abòdab la. Resansman Point-in-Time (PIT) la idantifye 2,258 moun san kay nan Konte Orange, avèk 25.9% ladan yo ki te san okenn abri. Premye tablo a bay done sou popilasyon moun san kay nan Konte Orlando/Orange, Osceola, ak Seminole ki nan kad Kontinyòm Swen (CoC), kote yo idantifye yon total 2,258 moun k ap viv san kay.

Nimewo CoC	Antite CoC	Konte Ki Afekte	Kantite Sanzabri
FL-507	CoC nan Konte Orlando/Orange, Osceola, Seminole	Osceola, Orange, Seminole	2,258

Tablo 7: Kontinyòm Swen (COC) nan Osceola, Orange, Seminole pou Siklòn Milton

Echèl Done	Total Moun San Kay Idantifye (2022)	Abri Ijans (2023)	Lojman Tranzisyonèl (2023)	Moun San Kay Ki Pa Gen Abri (2023)	Abri Sekirite pou Moun ki San Kay (2023)	Total Moun San Kay Idantifye (2023)
Nan tout Eta a	25,959	10,843	4,289	15,482	142	30,756
FEMA Te deklare	25,232	10,660	4,034	14,740	142	29,576
CoC Orlando	2,151	1,127	544	587	0	2,258

Tablo 8: Kontinyòm Swen (COC) nan Orlando pou Siklòn Milton


An 2023, CoC Orlando a anrejistre 2,258 moun san kay, ladan yo 1,127 ki te nan abri ijans, 544 nan lojman tranzitwa, ak 587 san abri. Nan tout eta a, popilasyon total moun ki san kay la te rive nan 30,756, epi FEMA deklare zòn katastwòf yo reprezante 29,576 nan popilasyon sa a. Done yo mete aksan sou bezwen kontinyèl pou solisyon lojman ijans ak tranzitwa, patikilyèman nan rejyon ki afekte pa katastwòf tankou Orlando, kote yon gwo pòsyon moun rete san abri.

Lojman Lokasyon Pwopriyetè, Yon Sèl Fanmi ak Plizyè Fanmi Ap Viv

Tablo ki anba yo bay enfòmasyon sou enpak Siklòn Milton sou lokatè ak pwopriyetè yo. Tablo ki anba a montre aplikasyon FEMA IA yo ki te soumèt dapre kalite rezidans ak estati lokatif oswa pwopriyetè aplikan yo aprè Siklòn Milton.

Kalite Rezidans	# Aplikasyon	% Pwopriyete Okipe	% Lokatè	% Enkoni	% Kalite
Apatman	15,445	0.01%	27.69%	0.00%	27.69%
Sant Lojman ak Swen Asiste	47	0.00%	0.08%	0.00%	0.08%
Kay Bato	7	0.01%	0.01%	0.00%	0.01%
Dòtwa Inivèsite	10	0.00%	0.02%	0.00%	0.02%
Kondo	1,363	0.87%	1.58%	0.00%	2.44%
Etablisman Koreksyonèl	5	0.00%	0.01%	0.00%	0.01%
Kay/Diplèks	29,395	31.72%	20.96%	0.02%	52.71%
Lojman Militè	10	0.00%	0.02%	0.00%	0.02%
Kay Mobil	2,995	3.69%	1.67%	0.01%	5.37%
Lòt	4,292	3.17%	4.52%	0.01%	7.70%
Kay nan Vil	2,027	1.48%	2.15%	0.00%	3.63%
Karavann	174	0.16%	0.15%	0.00%	0.31%
Total	55,770	41%	59%	0.04%	100%

Tablo 9: Demann Pou Lojman Atravè Pwogram FEMA IA, Selon Kalite Kay Nan Konte Orange



Imaj 8: Aplikasyon pou Asistans Endividyèl (IA) FEMA Sous Katografi: University of Central Florida

Kat ki anlè a montre distribisyon aplikan IA yo atravè konte a, li endike pi gwo kantite aplikan nan pati lwès ak sidwès konte a tanpèt la te plis frape. Kay/diplèks reprezante majorite a ak 52.71% aplikan ki afekte, epi apatman swiv ak 27.69%. Kay mobil yo, menm si yo reprezante yon pati pi piti (5.37%), toujou konstitiye yon eleman lojman ki esansyèl. Predominans kay/diplèks yo montre lojman yon sèl fanmi yo pote yon pati enpòtan nan enpak katastwòf natirèl la, sa ki mande yon estrateji rekonstriksyon sible. Tablo ak katografi ki anba yo bay plis enfòmasyon sou domaj pwopriyete yo evalye avèk asistans yo te resevwa ak montan pèt verifeye pou pwopriyete yo ak lokatè yo.

Konte	# Aplikan	# Enspeksyon	# Enspekte avèk Domaj	# Asistanski te Resevwa	Pèt Total FEMA Verifye	FEMA Mwayen Pèt Verifye
Orange	22,932	2,874	1,287	806	8,989,289\$	6,985\$

Tablo 10: Repatisyon Demann Pwopriyetè Kay Nan FEMA IA

Konte	# Aplikan	# Enspeksyon	# Enspekte avèk Domaj	# Asistanski te Resevwa	Pèt Total FEMA Verifye	FEMA Mwayen Pèt Verifye
Orange	32,817	5,811	1,861	835	1,537,555\$	826\$

Tablo 11: Repatisyon Demann Lokatè FEMA IA


Konte	Inite ak Ti Domaj-Ba	Inite ak Ti Domaj-Wo	Inite ak Gwo Domaj-Ba	Inite ak Gwo Domaj-Wo	Inite ak Domaj Grav
Orange	914	521	298	56	15

Tablo 12: Domaj Sou Pwopriyete Pou Pwopriyetè Kay, (jan Metòd HUD presize l) pa FEMA

Konte	Inite ak Ti Domaj-Ba	Inite ak Ti Domaj-Wo	Inite ak Gwo Domaj-Ba	Inite ak Gwo Domaj-Wo	Inite ak Domaj Grav
Orange	1,215	489	103	40	14

Tablo 13: Domaj Sou Byen Pèsonèl Pou Lokatè, (jan metòd HUD presize) pa FEMA

Lè n ap pran an konsiderasyon kote yo ye, kantite moun ki aplike epi ki fè pèt, zòn ki afekte yo, ansanm ak nivo pèt mwayèn yo, kat ki anba a montre zòn ki pran pi gwo chòk la. Sa mache ansanm ak lòt done yo, obsèvasyon sou teren an, ak kòmmanchè piblik yo ki deja idantifye menm zòn sa yo kòm pi mal afekte.



Imaj 9: Enpak Konpoze FEMA atravè Konte Orange. Sous Katografi: University of Central Florida

Lojman Piblik (ki gen ladan lojman ak asistans HUD) ak Lòt Lojman Abòdab.

Tablo ki anba la a bay plis detay sou enpak yo ak bezwen lojman ki poko satisfè pou Konte Orange. Sa yo enkli pèt pwopriyete yo, ajisteman ki fèt ak miltiplikatè HUD la, ansanm ak lòt done enpòtan tankou asirans, lojman piblik, ak lòt lojman abòdab, ki ede plis jistifye kantite total bezwen lojman ki poko reponn nan Konte Orange. Li enpòtan pou remake otorite ki jere Lojman Piblik yo (PHA) pa rapòte gwo domaj akòz Siklòn Milton.

Enpak Derive ak Bezwen Total ki Poko Satisfè pou Lojman				
Done	Kantite	Total Pèt Pwopriyete FEMA Estimate	Pèt Mwayèn Byen Imobilye	Total Pèt Estime (Miltiplikatè HUD)
Domaj Minè-Fèb pou Aplikan FEMA IA yo (Kay Mobil)	218	168,047\$	771\$	3,659,711\$
Domaj Minè-Fèb pou Aplikan FEMA IA yo (Tout Lòt Kalite Kay)	1,911	648,073\$	339\$	55,750,240\$
Ti Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Kay Mobil)	180	867,020\$	4,817\$	8,221,620\$
Ti Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Tout Lòt Kalite Kay)	830	2,227,155\$	2,683\$	28,011,947\$
Domaj Majè-Fèb pou Aplikan FEMA IA yo (Kay Mobil)	104	1,097,322\$	10,551\$	8,014,032\$
Gwo Domaj-Fèb pou Aplikan FEMA IA yo (Tout Lòt Kalite Kay)	297	2,252,689\$	7,585\$	10,929,600\$
Gwo Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Kay yo)	59	653,430\$	11,075\$	2,711,168\$
Gwo Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Kondo/Apatman/ Kay nan Vil)	14	25,634\$	1,831\$	643,328\$
Gwo Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Kay Mobil)	22	411,361\$	18,698\$	1,010,944\$
Gwo Domaj-Wo pou Aplikan FEMA IA yo (Tout Lòt Kalite)	1	\$ -	\$ -	45,952\$
Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA yo (Kay yo)	19	607,961\$	31,998\$	873,088\$
Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA yo (Kondo/Apatman/ Kay nan Vil)	-	\$ -	\$ -	\$ -

Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA (Kay Mobil)	6	32,267\$	5,378\$	809,004\$
Domaj Grav pou Aplikan FEMA IA yo (Tout Lòt Kalite)	4	\$ -	\$ -	183,808\$
Asirans Byen Pwopriyete Imobilye	-			
Domaj NFIP Idantifye	-			
Domaj nan Lojman Piblik	-			
Pèt Lojman Total	3,665	8,990,958 \$	95,726\$	120,864,442 \$
Konsidere yon 30% anplis nan finansman ki nesèsè pou sipòte rekonstriksyonan selon pi bon nòm yo (rezilyans)				157,123,775\$
Peman FEMA pou repara/ranplase kay	788		6,636\$	5,228,919\$
Peman Asirans sou Byen Imobilye	2,368			
Peman Konstriksyon NFIP	17,573			
Fon Lojman Piblik	1,611			
Sipò Total				5,228,919\$
Bezwen Inisyal Ki PaSatisfè				115,635,523\$
Bezwen Total Lojman kiPa Satisfè (Sa reprezante yon 30% anplis nan finansman konesesè pou sipòte rekonstriksyon an selonpi wo nòm yo (rezilyans))				151,894,856\$

Tablo 14: Rezime Enpak Total ak Bezwen Lojman Ki Rete pou Konte Orange Sous Done: FEMA.

Enpak sou Enfrastrikti ak Bezwen ki pa Satisfè

Siklòn Milton lakòz inondasyon ak domaj nan sistèm enfrastrikti nan Konte Orange, ki gen ladan wout, sistèm pou diminye inondasyon, enstalasyon piblik, lekòl, abri pou moun san kay, sant pou granmoun aje, ansanm ak enfrastrikti ki soutni rezèv lojman konte a. Plizyè katye nan lwès ak sidwès Konte Orange, tankou Winter Park ak Orlando, te gen lari ki te vin konplètman enpasyab pandan ak aprè pasaj Siklòn Milton, sa ki rann li enposib pou rezidan yo kite kay yo ki te anba dlo epi mete sèvis ijans yo an danje pou rive nan zòn sa yo.

Seksyon sa a mete aksan sou pèt ak domaj ki fèt nan enfrastrikti nan Konte Orange akòz Siklòn Milton. Bezwen enfrastrikti ki poko kouvri a kalkile apati yon evalyasyon sou pèt nan enfrastrikti piblik nan kad Pwogram Asistans Piblik FEMA (PA) (ak yon kontribisyon oswa ‘pataj’ gouvènman lokal la a 25 pousan), Pwojè Rediksyon Risk FEMA (ak ‘pataj’ oswa pati depans gouvènman lokal la a 25 pousan), pwojè konte a idantifye ki pa pataje, ansanm ak aktivite pou limite domaj ki pa kouvri pa lòt sous sibvansyon.

Kategori PA	# Sit Domaje	Sòm Kou Apwoks.	Sòm PaFederal	Sòm Pa Ki PaFederal
A - Debri	25	6,152,185\$	6,152,185\$	0\$
B - Mezi Ijans	42	1,225,341\$	1,225,341\$	0\$
C - Wout ak Pon	1	70,000\$	52,500.00\$	17,500\$
D - Enstalasyon Kontwòl Dlo	0	0\$	0\$	0\$
E - Batiman ak Ekipman	10	1,742,457\$	1,306,842.75\$	435,614\$
F - Sèvis Piblik	2	15,340,000\$	11,505,000.0\$	3,835,000\$
G - Lòt	6	531,657\$	398,742.53\$	132,914\$
Tout Kategori	86	25,061,639\$	20,640,611\$	4,421,028\$

Tablo 15: Enpak sou Enfrastrikti nan Konte Orange. Sous Done: FEMA.

Kategori PA	Kou PA Estime	30% Rezilyans	25% Patisipasyon Lokal
			(Total Bezwen Ki Pa Satisfè)
A - Debri	6,152,185\$	0	\$
B - Mezi Ijans	1,225,341\$	0	\$
C - Wout ak Pon	70,000\$	21,000.0\$	22,750.00\$
D - Enstalasyon Kontwòl Dlo	0\$	0\$	0\$
E - Batiman ak Ekipman	1,742,457\$	522,737.1\$	566,298.53\$
F - Sèvis Piblik	15,340,000\$	4,602,000.0\$	4,985,500.00\$
G - Lòt	531,657\$	159,497.0\$	172,788.43\$
Total	25,061,639\$	5,305,234\$	5,747,337\$

Tablo 16: Estimasyon Depans Enfrastrikti ak Bezwen Ki Poko Satisfè pou Konte Orange Sous Done: FEMA.

Kategori PA	Kou PA Estime	30% Rezilyans	32% Kwasans Pri Materyo Konstriksyon	25% Patisipasyon Lokal (Total Bezwen ki Pa Satisfè)
A - Debri	6,152,185\$	0	0	0
B - Mezi Ijans	1,225,341\$	0	0	0
C - Wout ak Pon	70,000\$	21,000\$	24,479\$	28,870\$
D - Enstalasyon Kontwòl Dlo	0 \$	0\$	0\$	0\$
E - Batiman ak Ekipman	1,742,457\$	522,737\$	609,337\$	718,633\$
F - Sèvis Piblik	15,340,000\$	4,602,000\$	5,364,398\$	6,326,600\$
G - Lòt	531,657\$	159,497\$	185,920\$	219,269\$
Total	25,061,639\$	5,305,234\$	6,184,135 \$	7,293,371 \$

Tablo 17: Estimasyon Depans Enfrastrikti ak Bezwen Ki Poko Satisfè pou Konte Orange Sous Done: FEMA.




Total domaj ki estime sou enfrastrikti yo se 25,061,639 dola. Nan kantite sa a, Fon Federal kouvri 20,640,611 dola, epi rès ki rete pou pataj ki pa federal la se 4,421,028 dola. Sistèm sèvis piblik nan konte a se sa ki pran pi gwo frap ekonomik la, ak yon total domaj ki rive 15.34 milyon dola. Dènye a swiv pa depans pou retire debri ki koute 6.15 milyon dola, epi reparasyon sou batiman ak ekipman ki monte a 1.74 milyon dola. Mezi ijans yo, wout ak pon yo, ansanm ak lòt kategori enfrastrikti yo, te gen depans ki pi ba, pandan ke enstalasyon kontwòl dlo yo pa rapòte okenn domaj ditou.

Total bezwen enfrastrikti ki poko kouvri nan konte a, aprè yo fin pran an konsiderasyon rezilyans ak ogmantasyon pri materyèl yo, rive 7,293,371 dola. Sèvis piblik yo ap fè fas ak pi gwo mank finansman an, ki rive 6.33 milyon dola, aprè sa gen reparasyon batiman ak ekipman ki monte a 718,633 dola, epi wout ak pon ki rive 28,870 dola. Retire debri ak mezi ijans yo fin jwenn tout finansman, san okenn bezwen ki poko kouvri.

Prensipal priyorite yo ka gen ladan fèmen diferans finansman nan sèvis piblik yo pou retabli sèvis esansyèl yo epi ogmante rezilyans, jwenn plis resous pou reparasyon batiman ak ekipman, epi ranfòse mezi rezilyans pou diminye feblès enfrastrikti nan lavni. Sonje byen, gen kèk pwojè PA pou Milton ki te ka idantifye okòmansman kòm yon pati nan enpak Siklòn lan ak evalyasyon bezwen ki poko kouvri yo. Kat ki anba a montre trajè toude tanpèt yo, ki te rive youn toupre lòt nan tan ak nan espas, sa ki vin ogmante ak agrave enpak premye tanpèt la, lan, ak dezyèm nan, Milton.

Trajektwà Siklòn yo – Konte



Imaj 10: Trajektwà Siklòn Ian (2022) ak Milton (2024).

Sepandan, pwojè sa yo te vin afekte pita, oswa yo te vin pi degrade ankò, akòz Siklòn Milton. Yo pral idantifye pwojè sa yo kòm sa yo ye a, avèk rapò apwopriye ki mare yo ak Siklòn Milton.

Enpak Ekonomik ak Bezwen ki poko Satisfè

Evalyasyon Plan Aksyon sa a sou bezwen ki poko satisfè pou relansman ekonomik la mete priyorite sou idantifye enpak dirèk Siklòn Milton te genyen sou ti biznis yo, tankou domaj ki fèt nan estrikti yo ak nan estòk yo. Pou sipòte rekonstriksyon, Administrasyon Ti Biznis (SBA) bay prè pou katastwòf natirèl ak enterè ki ba pou biznis ki kalifye yo, epi nivo itilizasyon prè sa yo sèvi kòm yon mezi kle pou evalye enpak katastwòf natirèl la sou kominote komèsyal la. Tablo ki anba a montre pèt verifye nan pwopriyete biznis tout aplikan SBA yo, avèk kategori ki baze sou si yo te apwouve oswa yo te rejte pou asistans SBA.

	Administrasyon Ti Biznis (SBA) — Pèt Byen Biznis Verifye pou Tout Aplikan SBA Aplikan		
		Kantite	Enpak HUD Evalye (Estime)
A	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori 1ki Verifye dapre HUD	3	11,296\$
B	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori 2ki Verifye dapre HUD	3	66,872\$
C	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori 3ki Verifye dapre HUD	7	377,339\$
D	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori 4ki Verifye dapre HUD	32	3,149,791\$
E	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori 5ki Verifye dapre HUD	49	44,933,793\$
F	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori1 ki Verifye dapre HUD	7	12,036\$
G	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori2 ki Verifye dapre HUD	3	67,636\$
H	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori3 ki Verifye dapre HUD	9	420,077\$
I	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori4 ki Verifye dapre HUD	40	9,527,797\$
J	Kandida SBA yo apwouve avek pèt Kategori5 ki Verifye dapre HUD	149	73,159,818\$
K	Total Pèt Byen Imobilye pou tout Kategori Domaj HUD yo.	40	9,527,797\$
L	Total Pèt Materyèl pou tout Kategori Domaj HUD yo.	149	73,159,818\$
M	Total pèt verifye pou tout biznis yo (Estime).	189	82,687,615\$
N	Eksplikasyon pou yon 30% finansmananplis ki nesese pou sipòte rekonstriksyon dapre gwo nòm yo (rezilyans).		85,545,954\$
Doub Benefis			
O	Total Prè SBA yo ki te ofri men yo pa t aksepte yo.	94	47,325,180\$
P	Kantite Prè Aktyèl SBA	50	1,213,912\$
Q	Benefis Total		48,539,092\$
Bezwen Biznis Jeneral ki poko Satisfè			
R	Estimasyon total bezwen biznis ki poko satisfè.		34,148,523\$
S	Eksplikasyon pou 30% rezilyans anplis		37,006,862\$

Tablo 18: Pèt Pwopriyete Biznis Ki Verifye pou Tout Moun Ki Aplike Nan SBA Sous Done: Administrasyon Ti Biznis

Enpak ekonomik yo ak bezwen ki poko satisfè yo te detèmine lè yo sèvi ak metòd HUD ki baze sou sa yo, kote sa te posib. Premyèman, HUD te klase chak biznis ki pa pwopriyetè e ki pa gen asirans nan yon kategori pèt (1 rive 5), sou baz enspeksyon li te fè sou yo (N=156), selon total pèt nan lokal ak nan sa yo te genyen andedan yo. Yo te konte chak biznis ki te apwouve pou yon prè ansanm ak kantite total pèt yo, epi yo te detèmine sa pou chak kategori domaj HUD (1 rive 5) (Liy A – E). Menm jan an tou, yo te konte biznis yo ansanm ak kantite total pèt yo pou sila yo SBA te rejte, men pou yo te detèmine yon estimasyon domaj (Liy F – J). Yo te kalkile pèt total nan byen imobilye (Liy K) ak nan sa ki andedan (Liy L) pou de gwoup yo (apwouve ak rejte), epi yo jwenn total pèt biznis la rive 82.6 milyon dola ameriken lè yo ajoute tout kategori domaj yo ansanm (Liy M). Lè yo aplike yon depans rezilyans 30% (ogmantasyon pri pou konfòmite) sou estimasyon domaj reyèl yo, enpak total sou biznis yo rive 85.5 milyon dola (Liy N).

Lè yo mwens total benefis la (Liy Q) nan total pèt la, swa san rezilyans (Liy M) swa ak rezilyans (Liy N), rezilta a se yon bezwen ekonomik ki poko kouvri ki rive swa 34.1\$ milyon oswa 37 milyon dola nan zòn ki afekte a. Pami aplikan SBA ki apwouve yo, majorite pèt yo tonbe nan Kategori 5, avèk 49 aplikan. Tablo a montre detay pèt pwopriyete biznis ki verifye pou aplikan SBA yo, li separe moun ki jwenn apwobasyon ak moun yo pa t apwouve pou bay . Pami aplikan SBA ki apwouve yo, pèt Kategori 5 yo se pi enpòtan an, avèk 49 biznis ki sibi domaj ki rive nan yon total 44,933,793 dola. Kategori 4 vini aprè, kote gen 32 aplikan SBA ki te jwenn apwobasyon, yo pèdi yon kantite ki rive 3,149,791 dola.

Sipò a (prè yo) ki te ofri men yo pa t aksepte pou moun ki te jwenn apwobasyon pou prè (Liy O), ki se 47,325,180 sòti nan sòm total pèt yo, mwens sòm montan aktyèl prè SBA a (Liy P), 1,213,912, dola sa ki bay yon total benefis disponib 48.5 milyon dola (Liy Q). Aplikan SBA yo te rejte yo rapòte pèt finansye ki pi wo anpil, espesyalman nan Kategori 5, kote 149 biznis sibi domaj ki rive nan yon total 73,159,818\$. Pami aplikan yo ki te rejte yo, pèt Kategori 4 yo remake tou, ki rive 9,527,797 dola pou 40 biznis. Total estimasyon pèt verifye pou tout biznis yo leve jiska 82,687,615 dola, sa ki ilistre gwo enpak finansye fè repèkasyon sou biznis katastwòf natirèl la afekte.

Lè yo pran an kont depans rekonstriksyon ki gen rapò ak rezilyans, total estimasyon pèt la ogmante pou jiska 85,545,954 dola. Sepandan, se sèlman 1,213,912 dola nan prè SBA ki te distribiye, sa ki kite yon mank finansman ki konsiderab. Total bezwen biznis ki poko satisfè yo rive 81,473,703 dola, epi aprè yo fin pran an konsiderasyon yon ajisteman 30% pou rezilyans, chif sa a ogmante jiska 84,332,042 dola. Chif sa yo mete an evidans yon gwo mank nan sipò finansye, sa ki souliye nesite pou plis finansman pou ede biznis yo reprann aktivite yo epi mete an plas mezi pou limite domaj ki nesèse pou rezilyans alavni.

Enpak sou Moun K ap Travay nan Biznis Lokal yo

Daprè done SBA sou prè biznis pou katastwòf natirèl nan Konte Orange aprè Siklòn Milton, gen yon modèl klè ki parèt sou feblès mendèv biznis lokal yo, sitou sa yo ki sibi pi gwo nivo domaj. Biznis ki gen pèt verifye nan Kategori 4 ak 5 yo te reprezante pi gwo pati nan domaj total yo estime, avèk prèske 120 milyon dola nan pèt verifye ansanm, ni pou aplikan yo ki te apwouve ni pou sa yo ki te rejte. Sa ki pi enpòtan, pifò nan biznis Kategori 5 yo (149 sou 198) pa t jwenn prè nan SBA, sa ki montre gen yon gwo kantite anplwayè k ap fè fas ak gwo difikilte operasyonèl ak finansye san yo pa gen aksè ak finansman tradisyonèl pou rekonstriksyon aprè katastwòf natirèl. Biznis sa yo, ki pwobableman gen ladan yo boutik fizik, operasyon ki depann anpil sou ekipman, ak sèvis ki mande anpil pèsònèl, se yo ki plis ekspozè a pou

femen pou yon bon moman, revoke anplwaye, oswa menm fèmen definitivman. Se sa ki fè yo vin kandida pou pwogram ki vize estabilize fòs travay la.

Gwo konsantrasyon pèt yo nan kontni (tankou ekipman, envantè ak zouti) olye de byen imobilye, montre ke anpil nan biznis ki afekte yo depann de resous espesyalize pou fonksyone — resous ki dirèkteman pèmèt yo kreye ak soutni travay. Lè resous sa yo detwi, anplwaye yo pa ka relouvri oswa rekrite ankò, e anplwaye yo pèdi travay yo kèlkeswa domaj ki fèt nan batiman an. Anplis de sa, ti kantite biznis ki pran prè SBA yo (sèlman 1.2 milyon dola nan prè aktif sou 47 milyon dola ki te ofri) montre gen yon dekonèksyon ant zouti finansye ki disponib pou rekiperasyon ak kapasite reyèl biznis yo pou yo ka sipòte dèt. Anpil anplwaye, sitou ti biznis yo, ka pa kapab mendèv yo san èd yon prè.

Evalyasyon Bezwen sou Limit Domaj

Evalyasyon Bezwen sou Limit Domaj an se yon evalyasyon ki baze sou risk, ki rezime menas ak danje natirèl ki egziste nan Konte Orange. Evalyasyon Bezwen Limit Domaj an gide fason Konte Orange itilize 15% minimòm fon CDBG-DR ki rezève pou limite domaj epi li ede entegre mezi rezilyans ak limit domaj nan pwogram ak pwojè rekonstriksyon CDBG-DR konte a.

Plan Amelyore Eta Florid pou Limite Danje³ (SHMP) 2fèt pou diminye kantite moun ki mouri, ki blese, ansanm ak pèt nan pwopriyete danje natirèl yo koze atravè tout eta a. Mizajou an 2023 epi ki valab jiska mwa Out 2028, SHMP la idantifye danje yo baze sou istwa katastwòf natirèl Florid, epi li trase objektif, estrateji ak aksyon ki vize pou diminye pèt alavni. Mizannèb sou limit domaj ki planifye davans, idantifye, epi ki rantab pa sèlman kontribiye pou diminye pèt lavi moun, pwopriyete, ak resous anviwònman, men li fasilite tou pwosesis rekonstriksyon aprè katastwòf natirèl. Limit danje pi efikas lè li gide pa yon estrateji enklizif, konplè, ak alontèm ki devlope anvan yon katastwòf natirèl rive.

SHMP la idantifye 11 gwo danje natirèl sa yo:

- Inondasyon
- Siklòn Twopikal
- Dife nan Forè
- Tanpèt Vyolan
- Two nan Tè
- Gwo Chalè
- Ewozyon
- Tanpèt Ivè
- Sechrès
- Tranbleman
- Tsunami

Pou evalye risk, SHMP la konbine klasman relatif atravè plizyè faktè — tankou sifas konte a, popilasyon ak distribisyon popilasyon an, anviwònman ki konstwi, enfrastrikti esansyèl, operasyon ak enstalasyon leta, enstalasyon sekouris yo, konsekans ekonomik, ansanm ak enpak anviwònman — pou fòme yon endis risk danje konplè pou chak konte.

³ <https://flshmp-floridadisaster.hub.arcgis.com/pages/natural-hazards>

Pou amelyore konpreyansyon li sou risk lokal ki gen rapò ak danje yo, Konte Orange te revize Estrateji Lokal pou Limit Domaj⁴ (LMS) li a, ki te mete ajou an 2021, epi ki bay plis detay ak priyorite sou danje ki espesyalman konsène konte a. Analiz lokalize sa a konplete kad jeneral SHMP lan epi li soutni planifikasyon sible nan nivo lokal la.

Estrateji Lokal pou Limit Domaj (LMS) konte a idantifye danje ki ta ka afekte Konte Orange ak minisipalite li yo, epi li detèmine ki popilasyon, ki pwopriyete, ak ki zòn nan konte a ki pi vilnerab fas ak diferan danje sa yo, pou yo ka pran mezi ki ede anpeche oswa diminye vilnerabilite ak/oswa enpak yo. LMS la satisfè kondisyon Plan sou Limit Domaj Kont danje (HMP) jan HUD Anplis de sa, nan kad konsiltasyon konte a sou bezwen ki poko satisfè ak jiridiksyon lokal yo, konte a te mande espesyalman enfòmasyon sou vilnerabilite lokal yo fas ak danje, sou mezi limit domaj ki deja egziste, ansanm ak bezwen priyorite pou rezilyans. Diskisyon sa yo te vize idantifye zòn kote yo bezwen plis resous pou diminye risk katastwòf natirèl yo epi ranfòse preparasyon kominote a.

LMS la dekri danje prensipal yo ansanm ak danje segondè ki baze sou diferan katastwòf natirèl natirèl yo idantifye kòm yon potansyèl pou afekte Konte Orange.

Konte Orange rekonèt ke menm si bezwen pou limite domaj yo evolye ak tan, prensipal danje ki menase rejyon an rete prèske menm jan depi aprè Siklòn Ian. Risk ki pèsistan tankou inondasyon, gwo van, ak tanpèt sevè kontinye menase enfrastrikti kominote a, lojman yo, ansanm ak kapasite rezilyans jeneral li.

Pandan rekiperasyon an ap avanse epi nouvo done vin disponib, Konte a rete angaje pou mete ajou tou de Evalyasyon Bezwen pou Limit Domaj la ak Plan Aksyon an pou reflekte nouvo kondisyon ak resous ki disponib.

Pou asire estrateji pou limite domaj yo toujou rete adapte ak realite lokal yo, Konte Orange ap travay kole kole ak patnè kle yo — sa enkli ajans jesyon ijans yo ak depatman konte yo. Aktè sa yo bay enfòmasyon enpòtan, dirèkteman sou teren, sou danje k ap kontinye ak sou priyorite rezilyans nan kominote Konte a. Konpetans yo jwe yon wòl esansyèl nan oryante investisman pou limite domaj yo, ki reponn ak bezwen yo epi ki baze sou realite lokal yo.

Evalyasyon Bezwen pou Limit Domaj la sèvi kòm yon zouti esansyèl pou gide estrateji limit domaj nan tout pwogram rekiperasyon ki pwopoze yo. Lè li idantifye risk ki pèsistan ak sa k ap parèt yo, evalyasyon an asire investisman nan rekiperasyon yo vize estratejikman pou diminye enpak dezast nan lavni, pwoteje moun ak pwopriyete, epi ranfòse rezilyans alontèm Konte Orange.

Bezwen ki poko Satisfè ak Bezwen Limit Domaj yo an Koneksyon ak Pwogram Pwopoze yo



Tablo 26: Distribisyon Fon Pwogram CDBG-DR ak Limit Finansman

ENSÈSYON EVALYASYON BEZWEN KI POKO SATISFÈ NANMID AK NAN PWOGAM KI PWOPAZE YO

Pwogram Konte Orange pwopoze an repons ak Siklòn Milton aliyen ak bezwen ki poko reponn yo ki dekri nan evalyasyon bezwen an, epi yo montre yon alokasyon resous ki pwopòsyonèl ki vize zòn ki gen pi gwo enpak yo. Sa asire finansman ak konsepsyon pwogram yo reponn dirèkteman ak bezwen ki poko reponn ki pi kritik nan zòn MID yo ke HUD ansanm ak lokal yo idantifye. Evalyasyon Bezwen ki Poko Reponn lan montre ke bezwen lojman yo reprezante 77% nan total bezwen rekiperasyon ki poko reponn yo, aprè sa vini rekiperasyon ekonomik (19%) ak enfrastrikti (4%). Alokasyon pwogram yo reflekte priyorite sa a, ak

apeprè 60% nan fon rekipasyon CDBG-DR yo dirije nan pwogram lojman, 124% nan revitalizasyon ekonomik atravè devlopman fòs travay⁵, ak 9% nan enfrastrikti.

Pwogram lojman yo pwopoze yo adrese dirèkteman gwo diferans rekipasyon lojman an ki monte a 151.9 milyon dola. Pwogram sa yo konsantre sou repare ak retabli kay pou yon sèl fanmi ansanm ak pwopriyete lokatif abòdab, ak yon gwo anfas sou sèvi rezidan LMI yo. Revitalizasyon ekonomik la ap reyalize atravè aktivite sèvis piblik, tankou devlopman fòs travay, ki reponn ak bezwen ekonomik yo lè li sipòte travayè deplase ak travayè ki souzèmplwaye pou yo ka jwenn konpetans ki enpòtan pou pwosesis rekipasyon an. Menm jan an tou, Pwogram Rekonstriksyon Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik la vize bezwen enfrastrikti ki poko reponn yo, pandan l ap konsantre sou reparasyon ak amelyorasyon rezilyan ki amelyore aksè ak sekirite nan kominote Konte Orange yo.

ENSÈSYON EVALYASYON BEZWEN POU LIMIT DOMAJ NAN MID AK NAN PWOGAM KI PWOPAZE YO

Konte Orange ap adopte yon apwòch pwoaktif ak estratejik nan rekipasyon aprè dezast lè li entegre mezi konplè pou limite domaj ki asosye ak danje nan tout pwogram CDBG-DR li yo. Gide pa rezilta Evalyasyon Bezwen pou Limit Domaj li a, Konte a idantifye yon seri danje natirèl ki poze gwo risk pou kominote li yo — tankou sistèm twopikal (siklòn), twou tè, tanpèt sevè, inondasyon, ak tònad. Danje sa yo te evalye selon frekans yo, ekspozisyon jeyografik yo, ak vilnerabilite enfrastrikti lokal yo ansanm ak popilasyon an.

Kòm repons, Konte a ap entegre limite domaj nan tout aspè nan kad rekipasyon li a pou asire envestisman yo pa sèlman repare domaj ki fèt deja, men tou diminye enpak dezast ki ka rive nan lavni. Apwòch sa a baze sou opinyon kalitatif kominote a ansanm ak kantite done, ki enkli enpak dezast ki pase yo, pèfòmans enfrastrikti a, ak vilnerabilite sosyo-ekonomik.

Pou trete risk sa yo, Konte a bay priyorite a amelyorasyon enfrastrikti ki konsantre sou rezilyans, tankou:

- **Jesyon dlo lapli ak sistèm kontwòl inondasyon** pou diminye inondasyon pandan lapli.
- **Ranfòsman enfrastrikti kritik** tankou rezo apwovizyonman pou dlo, egou, ak bandlaj pou rezo entènèt pou garanti kontinuite sèvis yo pandan evènman ekstrèm.
- **Amelyorasyon nòm konstriksyon yo** pou abri ak enstalasyon piblik pou yo kareziste tanpèt ak gwo domaj van ki gen gwo entansite.
- **Konvèsyon sistèm septik an sistèm egou** ak lòt amelyorasyon enfrastrikti anviwonmantal pou evite pann sistèm pandan inondasyon.

Konte Orange etabli kritè klè pou seleksyon pwojè pou asire aktivite ki finanse yo aliyen ak objektif alontèm pou limite domaj li yo. Yo bay pwojè yo priyorite si yo adrese vilnerabilite kritik, demontre efikasite nan depans, aliyen ak plan ki deja egziste tankou Plan Limit Domaj Konte a ak Plan Konsolide a, epi yo pare pou mete an aplikasyon.

⁵ Konte Orange ap trete enpak sou ekonomi an atravè pwogram sèvis piblik yo pwopoze a.

Pou plis ranfòse rezilta yo, Konte a mete anfas sou:

- **Entegrasyon ak planifikasyon rejyonal ak lokal.**
- **Planifikasyon dirabilite ak antretyen** pou prezève envestisman nan rezilyans.
- Finansman vize, pou asire resous yo benefisye kominote ki gen revni ba ak mwayen(LMI), ki souvan pi vilnerab fas ak enpak dezast yo.

Apwòch sa a pèmèt Konte Orange rebati pi an sekirite ak pi entèlijan, pandan li diminye risk pou lavni epi li ankouraje yon kilti preparasyon ak rezilyans nan tout kominote yo. Lè li itilize limit domaj kòm yon eleman santral nan rekonstriksyon, Konte a pa sèlman ap adrese domaj ki fèt deja, men li ap mete tou fondasyon pou yon lavni ki pi an sekirite ak dirab.

DEPLASMAN MOUN OSWA ANTITE

Pou limite depasman moun ak lòt antite ki ka afekte pa aktivite ki dekri nan plan aksyon sa a, Konte Orange ap kowòdone ak òganizasyon federal, leta, ak lokal; pwopriyete kay; ansanm ak lokatè pou minimize depasman. Lè y ap egzekite aktivite yo ak fon CDBG-DR, Konte Orange ansanm ak patnè li yo ak soubenefisyè yo ap swiv Plan Leta pou Anti-depasman Rezidansyèl ak Asistans Relokasyon (RARAP). RARAP espesifik pou CDBG-DR sa a te devlope epi adopte pou dekri etap Konte Orange, patnè li yo, ak soubenefisyè yo pral suiv pou evite oswa minimize depasman pandan aplikasyon aktivite CDBG-DR yo, epi, kote depasman pa ka evite, pou asire yo respekte kondisyon ak règleman sa yo: Lwa sou Asistans Relokasyon Inifòm ak Akizasyon Pwopriyete Imobilye 1970 (URA), jan yo modifye li; Seksyon 104(d) Lwa sou Devlopman Lojman ak Kominotè 1974, jan yo modifye li; ansanm ak règleman aplikasyon yo nan 24 CFR Pati 570.496(a).

Règleman ak egzijans sa yo aplike tou pou pwopriyete pwopriyete yo ak lokatè yo lè pwojè ki pwopoze yo lakoz depasman moun oswa lòt antite. Konte Orange pral enkli politik ak pwosedi detaye pou lè pwogram oswa pwojè yo pwopoze ka lakoz depasman moun oswa lòt antite. Yo pa prevwa ke aktivite yo pwopoze yo ap lakoz depasman pèmanan.

Lwa sou Lojman San Patipri entèdi diskriminasyon ki baze sou andikap fizik, mantal, oswa emosyonèl. Pou asire aksè nan pwogram nan pou moun ki andikape ki depase, Konte Orange ap bay “akomodasyon rezonab” an akò ak politik Konte a ak politik pwogram nan. Akomodasyon rezonab ka enkli chanjman fizik pou reponn ak bezwen moun ki andikape yo, tankou chanjman estriktirèl adaptatif (pa egzanp, bati yon pant pou antre) oswa chanjman administratif (pa egzanp, pèmèt yon itilize yon bèt asistans). Konte Orange ap kowòdone ak tout soubenefisyè yo, founisè aplikasyon yo, ansanm ak depatman Konte Orange yo pou limite depasman moun ki gen andikap yo. Si nenpòt pwojè oswa aktivite ki pwopoze lakoz depasman moun ki gen andikap, menm si se tanporè, Konte Orange ap kolabore ak moun ki afekte yo pou detèmine akomodasyon ki nesèse yo (pa egzanp, yon inite lojman tanporè ki aksesib), epi li ap fè tout efò rezonab pou akomode yo. Konte Orange ap fè tou chanjman rezonab nan politik ak pwosedi yo pou asire aplikan yo gen menm opòtinite pou patisipe nan pwogram nan.

OBJEKTIF NASYONAL YO

Chak aktivite ki pwopoze ak finansman CDBG-DR dwe reponn ak youn nan twa objektif nasyonal yo (jan yo defini nan 24 CFR Pati 570):

1. Benefis pou Rezidan ki gen Revni Ba ak Mwayen (LMI)
2. Bezwen Ijans
3. Eliminasyon Bidonvil ak Degradasyon

Pami objektif nasyonal sa yo, Benefis pou LMI se sa yo itilize plis, epi 70% nan tout fon pwogram yo dwe antre nan kategori elijibilite sa a. Bezwen Ijan kapab itilize tou nan sitiyasyon kote gen bezwen espesyal ki gen yon ijans patikilye ki afekte sante ak byennèt Konte a. Finalman, Eliminasyon Bidonvil ak Degradasyon se yon objektif nasyonal ki raman itilize nan pwogram CDBG-DR, ki trete degradasyon iben nan zòn jeyografik ki defini (Objektif nasyonal sa a pa gen anpil chans pou yo itilize nan pwogram Konte Orange lan).

PLAFON DISTRIBISYON AK ATRIBISYON

Konte Orange se ajans prensipal ak antite responsab pou jere 33,357,000\$ nan fon CDBG-DR ki te atribiye pou efò rekipasyon aprè Siklòn Milton. Fon CDBG-DR ki disponib pou adrese bezwen ki poko reponn yo pral atribiye nan kategori pwogram debaz yo, selon tablo ki anba a.

Distribisyon Fon Pwogram CDBG-DR ak Limit Finansman					
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	Pousantaj CDBG-DR Distribisyon	CDBG-DR Rezèv pou Limit Domaj	Pousantaj Estime pou Zòn MID ke HUD Idantifye	LMI Global Avantaj
Planifikasyon	200,000\$	1%	0%	100%	0%
Administrasyon	1,667,850\$	5%	0%	100%	0%
Lojman	20,000,000\$	60%	0%	100%	70%
Sèvis Piblik	4,000,000\$	12%	0%	100%	70%
Enfrazstrikti ak Enstalasyon Piblik	3,138,150\$	9%	0%	100%	70%
Rezèv pou Limit Domaj	4,351,000\$	15%*	100%	100%	70%
TOTAL	33,357,000\$		100%	100%	70%

**Rezèv pou Limit Domaj la egal a 15% nan alokasyon Bezwen ki poko reponn yo ki se 29,006,000\$; kidonk kolòn nan pap egal 100%.*

Tablo 27: Distribisyon Fon CDBG-DR ak Limit Finansman

KRITÈ FINANSMAN

Kritè Eksepsyon Jeneral

Konte Orange ap fè eksepsyon ak kantite prim maksimòm yo, lè sa nesesè, pou respekte nòm aksè federal yo oswa pou bay yon akomodasyon rezonab pou yon moun ki gen andikap, epi an akò ak Prensip Depans yo, jan sa dekri pi ba a.

Obligasyon Jeneral ak Depans Fon yo

An akò ak Memorandòm HUD 25-03 dat 31 mas 2025 ki revize lòt seksyon nan Avi Inivèsèl la (90 FR 1754), dapre 2 CFR Pati 200 ak Lòd Egzekitif 14218 (90 FR 10581), epi soumèt ak eksepsyon Lwa sou Responsablite Pèsonèl ak Oportinite Travay nan 1996 (jan yo te modifiye li), Konte Orange asire ke okenn benefis piblik federal pap bay okenn moun ki se yon etranje ki pa elijib, sa vle di yon moun ki antre ilegalman Ozetazini oswa ki prezan san estati legal.

Evalyasyon sou Efikasite an Rapò ak Pri

Antanke yon benefisyè fon federal, Konte Orange responsab pou asire ke depans aktivite rekipasyon apre dezast li yo elijib, rezonab, nesèsè, epi efikas an rapò ak pri. Konte Orange ap etabli politik ak pwosedi pou evalye rapò pri/efikasite chak pwojè ki pwopoze pou ede yon kay nan nenpòt pwogram reyabilitasyon rezidansyèl, rekonstriksyon, oswa nouvo konstriksyon, ansanm ak lòt aktivite ki finanse ak fon CDBG-DR yo. Pwogram Lojman politik ak pwosedi espesifik yo ap adrese kritè pou detèmine kilè depans pou reyabilitasyon, rekonstriksyon, oswa nouvo konstriksyon pa efikas an rapò ak pri (pa egzanp, rekonstriksyon ak elevasyon si depans reparasyon depase yon limit espesifye), epi yo ap adrese posib altènativ si yo jwenn li pa efikas an rapò ak pri. Politik ak pwosedi ki sanble yo ap etabli tou pou nenpòt pwogram revitalizasyon ekonomik ak enfrastrikti ki finanse ak alokasyon CDBG-DR lan.

Nenpòt eksepsyon ak limit maksimòm prim yo soumèt a disponiblite fon sibvansyon yo. Ka limite kote yo bay eksepsyon ak kantite prim maksimòm yo ap baze sou kritè ki espesifye nan politik la, tankou:

- Pwosesis yo itilize pou analize sikonstans ki fè yon eksepsyon te nesèsè.
- Ki jan kantite asistans lan nesèsè epi rezonab, dapre 2 CFR pati 200, sou-pati Prensip Depans yo.
- Jistifikasyon pou demann akomodasyon rezonab yo anba Seksyon 504 oswa mezi pou adrese kondisyon anviwònman pwogram nan rekonèt yo, ki ka adrese atravè mezi konstriksyon ki nesèsè pou limite konsekans kondisyon sa yo.

Tout pwojè yo evalye sou baz chak ka apa, selon sikonstans endividyèl yo, kantite prim maksimòm ki pèmèt la, ak lòt konsiderasyon tankou nivo difikilte ki kapab demontre, pou akòde yon eksepsyon. Pou objektif Pwogram CDBG-DR lan, yon difikilte ki kapab demontre defini kòm: “enpak enpòtan, negatif, epi klèman demontre sou estabilite lojman ak ekonomik yon moun kòm rezilta Siklòn Milton.” Egzanp difikilte ki kapab demontre yo ka enkli pèt siyifikatif nan revni oswa kapasite pou touche yon revni, pèt yon biznis, pèt kay prensipal yon moun akòz Siklòn Milton, maladi grav oswa andikap, blesi, lanmò yon mari oswa yon madanm, oswa kantite dèt ki fèt akòz domaj Siklòn Milton lakòz. Difikilte a pa dwe yon difikilte moun nan te kreye pou tèt li, li dwe atribiye a Siklòn Milton. Yon komite entèn ap evalye nesèsite pou etabli eksepsyon ak kantite asistans maksimòm ki pèmèt la si yo detèmine li nesèsè epi rezonab. Politik ak pwosedi yo ap gen ladan yon pwosesis espesifik pou mande yon eksepsyon lè yon moun satisfè kritè difikilte ki kapab demontre yo.

Patnè Pwogram ak Patisipasyon

Pandan aplikasyon Pwogram CDBG-DR lan, Konte Orange ka etabli patenarya atravè akò fòmèl tankou akò soubenefisyè, kontra ak founisè, memorandòm konpreyansyon, akò ant lokalite, oswa patenarya enfòmèl. Si sa nesèsè, Konte Orange ap enplike plizyè patnè pou asire pwogram yo aksesib epi adapte pou reponn efektivman ak bezwen ki poko reponn rezidan ak katye ki afekte pa dezaz yo, ansanm ak bezwen kominote a pou limite domaj.

Patnè yo idantifye yo ap evalye pou asire yo gen ekspètiz nesèsè, resous finansye, ak kapasite òganizasyonèl pou egzekite pwogram ak aktivite Pwogram CDBG-DR lan nan limit direktiv ak delè ki etabli yo. Akò fòmèl ak patnè pwogram yo ap gen ladan egzijans ki ann amoni ak règleman federal yo ak avi nan Federal Register, ki kouvri pèfòmans finansye ak pwogramatik ansanm ak pwosedi rapò yo.

Pou ankouraje patisipasyon moun ki afekte yo nan pwogram rekipèrasyon aprè dezaz, Konte Orange ap idantifye moun yo prevwa ki pral benefisye de pwogram ki finanse ak fon CDBG-DR, ap etabli kritè finansman espesifik pou pwogram yo kote sa nesèsè, epi ap mete ann aplikasyon yon kanpay sansibilizasyon ak angajman ki vize epi ki baze sou done nan Zòn ki Pi Afekte ak Ki Pi Vilnerab (MID) yo, pou asire patisipasyon laj ak efikas nan pwogram nan.

ADMINISTRASYON

Administrasyon		
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	% nan CDBG-DR Distribisyon
AdministrasyonTotal:	1,667,850\$	5%

Tablo 28: Apèsi sou Aktivite Administrasyon Benefisyè a

Yon pati otorize ki egal a 5% nan total alokasyon CDBG-DR lan, ki monte a 1,667,850\$, ap dedye pou administrasyon pwogram nan. Fon sa yo ap sipòte aktivite esansyèl ki nesèsè pou planifye, egzekite, ak sipèviz inisyativ rekipèrasyon CDBG-DR yo. Sa gen ladan responsablite tankou sipèvizyon konfòmite, siveyans pèfòmans, jesyon sistèm DRGR, administrasyon finansye, ansanm ak rapò obligatwa yo.

PLANIFIKASYON

Planifikasyon		
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	% nan CDBG-DR Distribisyon
PlanifikasyonTotal:	200,000\$	1%

Tablo 29: Apèsi sou Aktivite Planifikasyon Benefisyè a



Yon total 200,000\$, ki reprezante 1% nan alokasyon an, rezève pou aktivite ki gen rapò ak planifikasyon. Fon sa yo ap disponib pou depatman, divizyon, gouvènman minisipal, ansanm ak ajans kazi-gouvènmantal nan Konte Orange pou sipòte etid, analiz, ak inisyativ planifikasyon elaji. Objektif la se idantifye lòt priyorite pou rekiperasyon ak limit domaj, oswa pou ede nan devlopman ak aplikasyon pwogram CDBG-DR ki egziste yo. Fon planifikasyon yo ka itilize tou pou depans ki gen rapò ak kreye oswa revize konpozan Evalyasyon Bezwen ki Poko Reponn nan Plan Aksyon CDBG-DR lan.

LOJMAN

Apèsi sou Pwogram Lojman yo

Apèsi sou Pwogram Lojman (yo)		
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	% nan CDBG-DR Distribisyon pou Avantaj LMI
Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay	6,000,000\$	70%
Reyabilitasyon Lojman pou Lwe	4,000,000\$	70%
Nouvo Konstriksyon Lojman Abòdab	10,000,000\$	70%
Pwogram Lojman Total:	20,000,000\$	70%

Tablo 30: Apèsi sou Pwogram Lojman Benefisyè yo.

Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 6,000,000\$

Aktivite Elijib (yo): Reyabilitasyon Inite Lojman pou Yon Sèl Fanmi ki Pwopriyetè yo okipe, HCDA Seksyon 105(a)(4), 24 CFR 570.202(a)(1)

Objektif Nasyonal: Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ak Mwayen (LMH), Bezwen Ijan (UN)

Ajans Prensipal ak Modèl Distribisyon: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè (HCD) nan Konte Orange pral jere Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay la kòm yon pati nan Pwogram CDBG-DR, avèk sipò kontraktè kalifye, founisè, jiridiksyon patisipan, òganizasyon san bi likratif, ak patnè kominotè yo. Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay la ap mete an aplikasyon règ ak pwosedi espesyal pou garanti respè tout lwa ak règleman ki gen rapò ak Leta lokal ak Leta federal, sitou nan zafè Limit Domaj. Pou evalye faktè anviwònman ki gen rapò ak pwojè ak aktivite CDBG-DR yo, Konte Orange, kòm yon Antite Responsab (RE), ap asire respè kondisyon anviwònman ki make nan 24 CFR 58.

Tout aplikan pou Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay la dwe siyen ak Konte a akò fòmèl ki presize tèm ak kondisyon pwogram lojman an.

Deskripsyon Pwogram: Pwogram Reyabilitasyon Lojman an vize pou ede fanmi ki gen revni piti rive mwayen nan Konte Orange ki te afekte pa Siklòn Milton. Pou reponn bezwen lojman ki idantifye nan evalyasyon bezwen ki poko reponn yo, Konte Orange ap mete an aplikasyon Pwogram Reyabilitasyon Pwopriyetè Kay la. Pwogram sa a ap enkli:

- Reparasyon ak/oswa reyabilitasyon inite lojman yon sèl fanmi ke pwopriyetè yo deja okipe.
- Reparasyon ak/oswa reyabilitasyon kay mobil/oswa kay prefabrike ki domaje akòz tanpèt.

Pwogram nan fèt pou bay asistans nan reyabilitasyon kay pou yon sèl fanmi ki te domaje pandan Siklòn Milton e ki toujou gen bezwen ki poko satisfè. Objektif prensipal li se pou bay rezidan Konte Orange ki te afekte pa dezaz la kondisyon lojman ki desan, ki an sekirite, epi ki pwòp ak salib.

Pou w kalifye pou asistans lan, aplikasyon an dwe montre ou se pwopriyetè kay la oswa ou genyen yon enterè nan pwopriyetè kay la, ni nan moman dezaz la rive ni lè ou ap aplike pou pwogram nan. Anplis de sa, li esansyèl pou kay la te rezidans prensipal moun k ap aplike a pandan moman dezaz la. Pwogram nan bay plis priyorite pou moun ak fanmi ki gen ti revni oswa revni mwayen (LMI), sitou pou sa yo ki genyen revni jiska 80% Revni Mwayen Zòn nan (AMI). Rekonèt ke gen kèk aplikan ki ka toujou gen bezwen ki poko satisfè, pwogram nan pèmèt eksepsyon sou baz chak ka poukont yo pou moun ki gen revni ki rive jiska 120% Revni Mwayen Zòn nan (AMI). Pou kay la kalifye pou asistans lan, li dwe klase kòm yon lojman fanmi sèl epi li dwe montre gen reparasyon ki toujou nesèsè, ki pa t kouvri pa asirans oswa pa sibvansyon ke aplikan an te ka deja resevwa. Aplikan yo pap gen posibilite pou yo chwazi kontraktè yo; tout peman yo ap fèt dirèkteman bay founisè sèvis yo.

Zòn Jeyografik ki Kalifye : Tout zòn ki nan jiridiksyon Konte Orange, ke HUD klase kòm Zòn ki Pi Afekte ak an Pi Gwo Difilite (MID) akòz Siklòn Milton.

Kritè Kalifikasyon : Pou yon moun kalifye pou asistans nan reparasyon kay fanmi sèl, li dwe ranpli kritè sa yo:

- **Pwopriyetè-** Aplikan an dwe te posede epi abite nan kay la nan moman evènman ki bay dwa kalifikasyon an (Siklòn Milton) epi li dwe toujou gen yon enterè kòm pwopriyetè ladan l.
- **Rezidans Prensipal** — Aplikan an dwe te abite nan kay la kòm rezidans prensipal li nan moman evènman ki bay dwa kalifikasyon an (Siklòn Milton).
- **Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difilite (MID):** Pwopriyetè ki afekte pa dezaz la dwe sitiye nan Konte Orange.
- **Lyen ak Dezaz la** — Kay la dwe gen domaj ki poko repare, kòm yon konsekans dirèk evènman ki bay dwa kalifikasyon an (Siklòn Milton).
- **Kalite Estrikti** — Kay aplikan an dwe fè pati yon kalite estrikti ki kalifye — Inite Pou Yon Sèl Fanmi (konstriksyon tradisyonèl), Kay Modilè, Kay Mobil, oswa Diplèks.
- **Taks sou Pwopriyetè** — Tout taks sou pwopriyetè dwe ajou / oswa sou yon plan peman ki apwouve.
- **Ipotèk** — Ipotèk aplikan an (si sa aplikab) dwe ajou oswa sou yon plan peman ki apwouve.

Objektif Finansman : Konte Orange ap bay priyorite nan revizyon aplikasyon pwopriyetè ki abite nan kay yo, selon faktè sa yo:

- Objektif 1: Aplikan ki gen revni nan kay la ki pi ba pase 50% AMI
- Objektif 2: Aplikan ki gen revni nan kay la ant 50% ak 80% AMI EPI ki gen timoun minè ak/oswa yon manm nan kay la ki gen yon andikap ki dokimante.

Nenpòt ajou oswa chanjman nan klasman pwojè ki chwazi pou resevwa asistans ap eksplike an detay nan Règleman ak Pwosedi Lojman Konte a ki devlope pou pwogram sa a.

Kantite Maksimòm Asistans pou Chak Benefisyè : 250,000\$ pou Reparasyon, 200,000\$ pou Kay Mobil / Kay Faktori (MHU), 375,000\$ pou Rekonstriksyon.

Konte Orange ap fè eksepsyon ak kantite maksimòm asistans lan, lè sa nesesè, pou respekte nòm aksè federal yo oswa pou akomode rezonab moun ki gen andikap. Detèminasyon sa a ap fèt pandan premye pwosesis enspeksyon an. Si gen plis lajan ki nesesè selon estimasyon depans o, Konte a ap leve limit asistans yo epi otorize yon nouvo limit ki fikse davans. Nouvo limit la ap klèman endike epi apwouve anvan yo bay fon sibvansyon yo. Si ta gen bezwen pou plis lajan aprè yo fin bay yon sibvansyon, Konte a ap trete sitiyasyon sa yo sou baz chak ka poukont yo.

Revni Maksimòm Benefisyè a : 80% AMI (Revni Ba a Revni Mwayen) oswa 120% AMI (Bezwen Ijan)

Mezi Limit Domaj yo: Pwogram nan bay plis priyorite nan limit domaj ak rezilyans alontèm. Objektif li se finanse mezi ki esansyèl ak ki apwopriye pou reyalize objektif sa yo. Prensipal objektif la se amelyore sekirite ak rezilyans, atravè sipò finansye pou estrateji esansyèl ki vize limite domaj. Estrateji yo enkli itilizasyon teknik ak materyèl konstriksyon ki reziste kont danje, pou pi byen prepare pwopriyete yo pou yo ka kenbe tèt ak risk posib.

Diminye Baryè Ed yo : Pwogram Reparasyon Kay Pwopriyete yo disponib pou tout rezidan Konte Orange ki gen revni ba a revni mwayen (LMI) ki te afekte pa Siklòn Milton. Sant resepsyon yo ap gen ajan jesyon ka ki pral ede aplikan yo nan pwosesis resepsyon ak verifikasyon kalifikasyon. Sant sa yo fèt pou yo aksesib a tout rezidan Konte Orange, enkli moun ki gen andikap (konfòme ak ADA). Anplis de sa, asistans pou lang ak kominikasyon ap bay si yo mande l. Tout rezidan LMI nan Konte Orange ap gen menm aksè egal nan pwosesis aplikasyon an.

Pou ankouraje patisipasyon moun ki afekte yo nan pwogram rekiperasyon aprè dezast, Konte Orange ap idantifye moun yo espere ki pral benefisye de pwogram ki finanse pa CDBG-DR, ap etabli kritè finansman ki espesifik pou chak pwogram kote sa nesesè, epi ap mete an plas yon kanpay sansibilizasyon ak angajman ki baze sou done epi ki vize tout zòn ki Pi Afekte ak Pi Gwo Difikilte (MID), pou asire yon patisipasyon laj ak efikas nan pwogram nan.

Pwogram Reparasyon Lojman pou Lwaye

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 4,000,000\$

Aktivite Elajib (yo): Reparasyon Inite pou Lwaye — HCDA Seksyon 105(a)(4), 24 CFR 570.202(a)(1)

Objektif Nasyonal: Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ak Mwayen (LMH), Bezwen Ijan (UN)

Ajans Prensipal ak Modèl Distribisyon: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè (HCD) Konte Orange ap jere Pwogram Reparasyon Lojman pou Lwaye a kòm yon pati nan Pwogram CDBG- DR, avèk sipò kontraktè kalifye, founisè, jiridiksyon patisipan, òganizasyon san bi likratif, ak patnè kominotè yo. Pwogram sa a ap gen règleman ak pwosedi ki etabli pou garanti bon aplikasyon ak konfòmite ak tout regilasyon leta ak federal ki gen rapò. Pou evalye faktè anviwònman ki gen rapò ak pwojè ak aktivite CDBG-DR yo, Konte Orange, kòm yon Antite Responsab (RE), ap asire respè kondisyon anviwònman ki make nan 24 CFR 58.

Tout aplikan pou Pwogram Reparasyon Lojman pou Lwaye a ap oblije, ansanm ak Konte a, siyen akò fòmèl ki presize tèm ak kondisyon pwogram nan.

Deskripsyon Pwogram: Pou ede fanmi ki gen revni ba a revni mwayen (LMI), Konte Orange ap mete an aplikasyon Pwogram Reparasyon Lojman pou Lwaye a pou reponn bezwen lojman pou lwaye ki abòdab yo te idantifye nan evalyasyon bezwen ki poko satisfè yo. Pwogram lojman sa a enkli :

- Reparasyon ak reyabilitasyon lojman pou lwaye ki abòdab ki te domaje pa tanpèt la.
- Reparasyon ak reyabilitasyon kay mobil / kay faktori (MHU) ki domaje pa tanpèt la pou sèvi kòm lojman pou lwaye ki abòdab.

Antite ki kalifye yo dwe soumèt yon pwopozisyon konplè pandan peryòd Demann pou Aplikasyon(RFA) ki fikse a. Restriksyon sou abòdabilite yo pral aplike atravè restriksyon nan tit pwopriyete a, akò, ak/oswa lòt enstriman ki sanble. Antite ki kalifye yo ap gen ladan yo òganizasyon prive ak òganizasyon san bi likratif, ansanm ak otorite lojman piblik ki bay lojman abòdab pou moun ki gen revni ba a revni mwayen (LMI). Kantite maksimòm asistans ki disponib pou reparasyon inite lojman pou lwaye ki domaje se 100,000\$ pa inite, oswa 200,000\$ pa inite lè reparasyon yo depase limit ak kad Pwogram Reyabilitasyon Lojman pou Lwaye a.

Zòn Jeyografik ki Kalifye : Tout zòn ki nan jiridiksyon Konte Orange, ke HUD klase kòm Zòn ki Pi Afekte ak an Pi Gwo Difikilte (MID) akòz Siklòn Milton.

Lòt Kritè Kalifikasyon :

- **Lyen ak Bezwen ki Poko Satisfè Aprè Dezas la :** Tout pwojè oswa aktivite dwe montre yon lyen dirèk ak Siklòn Milton oswa yo dwe reponn ak definisyon limit domaj.
- **Objektif Nasyonal Pwogram nan :** Tout pwojè oswa aktivite ki kalifye yo ap oblije satisfè yon objektif nasyonal anba CDBG-DR, an akò ak direktiv HUD yo nan 24 CFR 570.208. Konte Orange ap konsidere sèlman pwojè ki benefisye moun ki gen revni ba a revni mwayen oswa zòn LMI yo.
- **Antite oswa Aplikan ki Kalifye :** Antite ki kalifye yo ap gen ladan yo òganizasyon prive ak òganizasyon san bi likratif, ansanm ak otorite lojman piblik ki bay lojman abòdab pou moun ki gen revni ba a revni mwayen (LMI).

Finansman pou reparasyon lojman pou lwaye : Pwojè yo ap bay aplikan ki kalifye yo pou pwojè ki kalifye yo, selon yon pwosesis seleksyon konpetitif. Konte Orange ap mande soumèt pwopozisyon pwojè an repons ak Demann pou Pwopozisyon (RFP) konpetitif ak Demann pou Aplikasyon (RFA), pou òganizasyon ki vize pwofi ak òganizasyon san bi likratif, respektivman. Konte Orange ap devlope direktiv, règleman, ak pwosedi ki aplikab pou pwojè sa yo. Tout pwojè lojman ap oblije satisfè kondisyon abòdabilite yo, ki pral aplike atravè akò restriksyon sou itilizasyon tè, restriksyon sou tit pwopriyete a, oswa lòt enstriman ki sanble. Seleksyon pwojè yo dwe swiv tout règleman Konte a ki gen rapò ak pwokirasyon epi respekte tou nòm pwokirasyon ki tabli nan 2 CFR Pati 200, direktiv HUD pou detèmine si depans yo rezonab.

Kantite Maksimòm Asistans pou Chak Benefisyè : 100,000\$ pa inite; (200,000\$ pou rekonstriksyon inite yo)

Konte Orange ap fè eksepsyon ak kantite maksimòm asistans lan, lè sa nesesè, pou respekte nòm aksè federal yo oswa pou akomode rezonab moun ki gen andikap. Konte a ap detèmine kondisyon pou akò asistans sa yo pandan pwosesis enspeksyon ak estimasyon an, nan limit sa posib. Asistans yo ka ogmante si depans pou akomodasyon rezonab depase limit pwogram nan pandan konstriksyon.

Revni Maksimòm Benefisyè a : 80% AMI (Revni Ba a Revni Mwayen) oswa 120% AMI (Bezwen Ijan)

Mezi Limit Domaj yo: Pwogram Reyabilitasyon Lojman pou Lwaye a konsantre sou amelyore sekirite ak rezilyans, atravè finansman pou metòd esansyèl ki vize limite domaj. Sa enkli itilizasyon teknik konstriksyon ak materyèl ki reziste kont danje, pou asire pwopriyete yo byen ekipe pou kenbe tèt ak risk ki ka parèt.

Diminye Baryè E d yo : Pwogram Reyabilitasyon Lojman pou Lwaye a disponib pou tout pwopriyete, kit se antite prive oswa òganizasyon san bi likratif, ki gen pwopriyete yo te domaje pa Siklòn Milton. Konte Orange ap bay enfòmasyon, dokiman, ak asistans atravè sit entènèt li ak sant resepsyon ki deziyen yo. Sant sa yo aksesib pou tout rezidan Konte Orange, enkli moun ki gen andikap, epi yo konfòme ak nòm ADA yo. Anplis de sa, asistans pou lang ak komunikasyon ap ofri si yo mande l.

Pou ankouraje patisipasyon moun ki afekte yo nan pwogram rekiperasyon aprè dezast, Konte Orange ap idantifye moun yo espere ki pral benefisye de pwogram ki finanse pa CDBG-DR, ap etabli kritè finansman ki espesifik pou chak pwogram kote sa nesesè, epi ap mete an plas yon kanpay sansibilizasyon ak angajman ki baze sou done epi ki vize tout zòn ki Pi Afekte ak Pi Gwo Difikilte (MID), pou asire yon patisipasyon laj ak efikas nan pwogram nan.

Nouvo Konstrikasyon Lojman Abòdab

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 10,000,000\$

Aktivite Elajib (yo): Konstrikasyon Inite pou Lwaye — HCDA Seksyon 105(a)(4), 24 CFR 570.202(a)(1), Avi Inivèsèl CDBG-DR : Dispansasyon ak Kondisyon Altènatif, III.D.5.a. Dispansasyon pou Nouvo Konstrikasyon Lojman

Objektif Nasyonal: Lojman pou Moun ki gen Revni Ba ak Mwayen (LMH), Bezwen Ijan (UN)

Ajans Prensipal ak Modèl Distribisyon: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Orange ap jere Pwogram Nouvo Konstrikasyon Lojman Abòdab la kòm yon pati nan Pwogram CDBG-DR, avèk asistans kontraktè ak founisè kalifye, jiridiksyon patisipan yo, òganizasyon san bi likratif, ak patnè kominotè yo. Pwogram sa a ap gen règleman ak pwosedi ki etabli pou garanti bon aplikasyon epi asire konfòmite ak tout regilasyon leta ak federal ki gen rapò. Pou evalye faktè anviwònman ki gen rapò ak pwojè ak aktivite CDBG-DR yo, Konte Orange, kòm yon Antite Responsab (RE), ap asire respè kondisyon anviwònman ki make nan 24 CFR 58.

Tout aplikan pou Pwogram Nouvo Lojman Abòdab la ap oblije, ansanm ak Konte a, antre nan akò fòmèl ki presize tèm ak kondisyon pwogram nan.

Deskripsyon Pwogram: Pou ede fanmi ki afekte yo ki gen revni ba a revni mwayen (LMI), Konte Orange ap mete an aplikasyon Pwogram Nouvo Lojman Abòdab la pou reponn bezwen lojman pou lwaye ki abòdab yo te idantifye nan evalyasyon bezwen ki poko satisfè yo. Pwogram nan ap enkli tou de inite yon sèl fanmi ak inite plizyè fanmi.

Nouvo Lojman Abòdab anba CDBG-DR a ap enkli aktivite sa yo:

- Konstriksyon inite lojman pou lwaye ki abòdab, ki vize kategori travayè ki te afekte pa Siklòn Milton.
- Lojman pou rezidan tankou granmoun aje, moun san kay, ak moun ki riske vin san kay.
- Elajisman lojman pou popilasyon ki gen bezwen espesyal, enkli lojman sipò pèmanan.
- Presèvasyon lojman abòdab

Li enpòtan pou remake ke, si yo itilize fon ki soti nan lòt pwogram federal tankou CDBG ak HOME pou aktivite nouvo konstriksyon lojman abòdab ki finanse ak fon CDBG-DR, Konte a ap oblije swiv kondisyon nòm URA ak regilasyon Seksyon 104(d). Anplis de sa, si yo achte tè pou aktivite nouvo konstriksyon yo, Konte a ak sou-benefisyè li yo (lè sa aplikab) dwe dokimante epi respekte kondisyon akizasyon URA ki aplikab yo (49 CFR 24.101 oswa 49 CFR 24.102). Yo pral bay plis detay nan règleman ak pwosedi pwogram nan.

Zòn Jeyografik ki Kalifye : Tout zòn ki nan jiridiksyon Konte Orange, ke HUD klase kòm Zòn ki Pi Afekte ak an Pi Gwo Difikilte (MID) akòz Siklòn Milton.

Lòt Kritè Kalifikasyon :

- **Lyen ak Bezwen ki Poko Satisfè Aprè Dezas la :** Tout pwojè oswa aktivite dwe montre yon lyen dirèk oswa endirèk ak Siklòn Milton oswa yo dwe reponn ak definisyon limit domaj.
- **Objektif Nasyonal Pwogram nan :** Tout pwojè oswa aktivite ki kalifye yo ap oblije satisfè yon objektif nasyonal anba CDBG-DR, an akò ak direktiv HUD yo nan 24 CFR 570.208. Konte Orange ap konsidere sèlman pwojè ki benefisye moun ki gen revni ba a revni mwayen oswa zòn LMI yo.
- **Antite oswa Aplikan ki Kalifye :** Antite ki kalifye yo ap gen ladan yo òganizasyon prive ak òganizasyon san bi likratif, ansanm ak otorite lojman piblik ki bay lojman abòdab pou moun ki gen revni ba a revni mwayen (LMI).

Finansman pou nouvo inite lojman pou lwaye yo : Avi Inivèsèl CDBG-DR : Dispansasyon ak Kondisyon Altènativ, III.D.5.a. pèmèt konstriksyon nouvo lojman, ki anjeneral entèdi nan pwogram CDBG a. Pwojè yo ap bay aplikan ki kalifye yo pou pwojè ki kalifye yo, selon yon pwosesis seleksyon konpetitif. Konte Orange ap mande soumèt pwopozisyon pwojè an repons ak Demann pou Pwopozisyon konpetitif (RFP) ak Demann pou Aplikasyon (RFA), pou òganizasyon ki vize pwofi ak òganizasyon san bi likratif, respektivman. Konte Orange ap devlope direktiv, règleman, ak pwosedi ki aplikab pou pwojè sa a. Tout pwojè lojman ap oblije satisfè kondisyon abòdabilite yo, ki pral aplike atravè akò restriksyon sou itilizasyon tè, restriksyon sou tit pwopriyete a, oswa lòt enstriman ki sanble. Seleksyon pwojè yo dwe tou

respekte nòm pwokirasyon ki tabli nan 2 CFR Pati 200, direktiv HUD pou detèmine rezonab depans yo, epi swiv tout règleman Konte a ki gen rapò ak pwokirasyon.

Kantite Maksimòm Asistans pou Chak Benefisyè : 200,000\$

Konte Orange ap fè eksepsyon ak kantite maksimòm asistans lan, lè sa nesesè, pou respekte nòm aksè federal yo oswa pou akomode rezonab moun ki gen andikap. Konte a ap note eksepsyon posib pandan pwosesis RFP a epi li ap prevwa depans ki pi wo pou inite ki aksesib yo.

Revni Maksimòm Benefisyè a : 80% AMI (Revni Ba a Revni Mwayen) oswa 120% AMI (Bezwen ljan)

Mezi Limit Domaj yo: Pwogram nan bay plis priyorite nan limit domaj ak rezilyans alontèm. Objektif li se finanse mezi ki esansyèl ak ki apwopriye pou reyalize objektif sa yo. Prensipal objektif la se amelyore sekirite ak rezilyans, atravè sipò finansye pou estrateji esansyèl ki vize limite domaj. Sa enkli itilize teknik ak materyèl konstriksyon ki reziste kont danje pou asire pwopriyete yo byen prepare pou kenbe tèt ak risk ki ka parèt.

Diminye Baryè Ede yo : Pwogram Nouvo Lojman Abòdab pou Lwaye Fanmi Sèl la disponib pou tout sitwayen, kit se antite prive, òganizasyon san bi likratif, oswa otorite lojman piblik. Konte Orange ap bay enfòmasyon, dokiman, ak asistans atravè sit entènèt li ak sant resepsyon ki deziyen yo. Sant sa yo aksesib pou tout rezidan Konte Orange, enkli moun ki gen andikap, epi yo konfòme ak nòm ADA yo. Anplis de sa, asistans pou lang ak kominikasyon ap ofri si yo mande l.

Pou ankouraje patisipasyon moun ki afekte yo nan pwogram rekipirasyon aprè dezast, Konte Orange ap idantifye moun yo espere ki pral benefisye de pwogram ki finanse pa CDBG-DR, ap etabli kritè finansman ki espesifik pou chak pwogram kote sa nesesè, epi ap mete an plas yon kanpay sansibilizasyon ak angajman ki baze sou done epi ki vize tout zòn ki Pi Afekte ak Pi Gwo Difikilte (MID), pou asire yon patisipasyon laj ak efikas nan pwogram nan.

ENFRASTRIKTI

Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti

Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik		
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	% nan CDBG-DR Distribisyon DR pou Avantaj LMI
Total Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik:	3,138,150\$	9%

Tablo 31: Apèsi sou Pwogram Enfrastrikti Benefisyè yo

Pwogram Rekonstriksyon Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik yo

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 3,138,150\$

Aktivite Elijib (yo):

- Seksyon 105(a)(1) — Akizisyon Pwopriyete Imobilye
- Seksyon 105(a)(2) — Enstalasyon ak Amelyorasyon Piblik
- Seksyon 105(a)(4) — Netwayaj, demolisyon, retire, rekonstriksyon, ak reyabilitasyon batiman ak amelyorasyon yo.
- Seksyon 105(a)(5) — Retire Baryè Achitekti
- Seksyon 105(a)(9) — Peman pati ki pa federal yo egzije nan kad yon pwogram sibvansyon federal asistans
- Seksyon 105(a)(11) — Asistans pou Relokasyon
- Seksyon 105(a)(14) — Aktivite ki fè atravè Òganizasyon Devlopman San BiLikratif

Objektif Nasyonal: Benefis Zòn Revni Ba oswa Revni Mwayen (LMA), Bezwen Ijan (UN)

Ajans Prensipal ak Modèl Distribisyon: Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Orange ap sèvi kòm ajans prensipal pou Pwogram Rekiperasyon Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik yo, avèk asistans kontraktè ak founisè kalifye, jiridiksyon patisipan, òganizasyon san bi likratif, ak patnè kominotè yo. Pwogram sa a ap gen règleman ak pwosedi ki etabli pou garanti bon aplikasyon epi asire konfòmite ak tout regilasyon leta ak federal ki gen rapò. Pou evalye faktè anviwònman ki gen rapò ak pwojè ak aktivite CDBG-DR yo, Konte Orange, kòm yon Antite Responsab (RE), ap asire respè kondisyon anviwònman ki make nan 24 CFR 58. Tout aplikan pou Pwogram Rekiperasyon Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik yo ap oblije, ansanm ak Konte a, antre nan akò fòmèl ki presize tèm ak kondisyon pwogram nan.

Deskripsyon Pwogram: Pwogram Rekonstriksyon Enfrastrikti ak Enstalasyon Piblik yo atribiye fon CDBG-DR pou reponn ak gwo domaj enfrastrikti ki fèt akòz Siklòn Milton (DR-4834-FL), sitou nan kominote ki ap fè fas ak defi rekonstriksyon ki vin miltipliye. Pwojè enfrastrikti yo ka gen ladan yo, men yo pa limite ak: jesyon dlo lapli, reparasyon sistèm egou, amelyorasyon enfrastrikti dlo pou bwè, amelyorasyonabri ijans, reyabilitasyon enstalasyon piblik, ak elajisman aksè a entènèt bande laj.

Evalyasyon enpak dezaz la idantifye gwo bezwen enfrastrikti ki poko satisfè, ki monte plis pase 7.29 milyon dola. Lè Siklòn Milton te pase, echèk enfrastrikti yo — espesyalman inondasyon, koupe sèvis piblik, ak gwo domaj sou wout ak pon — te afekte kominote yo gravman epi yo te mete an limyè gwo diferans nan kapasite rezilyans enfrastrikti a. Anpil katye, sitou nan lwès ak sidwès Konte Orange, te vin inaksesib pandan ak imedyatman aprè siklòn nan, sa ki te anpeche repons ijans ak efò rekonstriksyon yo. Tanpèt la te agrave inegalite ki te deja egziste nan enfrastrikti a, tankou sistèm egou ki fin vye granmoun ak koneksyon entènèt bande laj ki pa sifi, sa ki te limite aksè a sèvis esansyèl pandan peryòd rekiperasyon ki te kritik yo.

Kòm repons, Konte a ap bay priyorite a konsepsyon enfrastrikti ki rezistan pou kenbe tèt ak evènman metewolojik ekstrèm nan lavni ak risk inondasyon yo. Pwojè yo ap chwazi selon kapasite yo pou limite feblès ki idantifye yo, amelyore sekirite piblik, epi ogmante rezilyans jeneral kominote a.

Zòn Jeyografik ki Kalifye : Tout zòn ki nan jiridiksyon Konte Orange, ke HUD klase kòm Zòn ki Pi Afekte ak an Pi Gwo Difikilte (MID) akòz Siklòn Milton.

Lòt Kritè Kalifikasyon : Tout pwojè oswa aktivite dwe montre yon "lyen dirèk" ak Siklòn Milton oswa yo dwe reponn ak definisyon limit domaj. Pwojè yo dwe satisfè tou yon bezwen ki idantifye nan Plan Aksyon CDBG-DR a :

- Abòde feblès enfrastrikti kritik ki idantifye nan evalyasyon bezwen ki poko satisfè yo.
- Demonstre efikasite nan depans ak dirabilite.
- Amelyore rezilyans kominote a fas ak dezast nan lavni.
- Demonstre preparasyon pou demare rapidman, enkli delè klè, nivo planifikasyon, ak preparasyon pou pèmi yo.
- Mete ansanm lòt resous oswa sous finansman pou ogmante enpak fon CDBG- DR yo.
- Demonstre konfòmite preliminè oswa bon konpreyansyon sou kondisyon anviwònman ak konsèvasyon istorik yo.
- Alinye ak plan konplè lokal oswa rejyonal ki deja egziste yo, plan limit domaj, oswa lòt dokiman planifikasyon kominote.
- Enkli yon plan dirabilite ak antretyen ki klè, ki esplike finansman operasyonèl k ap kontinye ak bon jere responsab.

Apèsi sou Seleksyon Pwojè yo : Konte Orange ap bay finansman pou pwojè enfrastrikti ak enstalasyon piblik ke Konte a, minisipalite lokal yo, ak òganizasyon san bi likratif ap reyalize. Konte a ap devlope direktiv ak pwosedi adisyonèl epi li pral itilize yon pake Avi sou Finansman ki Disponib (NOFA) pou mande pwopozisyon pwojè yo epi ranmase enfòmasyon ki nesesè pou evalye chak pwojè ansanm ak soubenefisyè potansyèl yo. Anplwaye Konte a ap etabli kritè minimòm ke aplikasyon yo dwe satisfè pou yo ka konsidere pou finansman anba nenpòt NOFA. Kritè sa yo ka enkli detèmine si aktivite yo pwopoze a kalifye anba CDBG-DR, si li satisfè yon objektif nasyonal, epi si aplikan an gen kapasite pou reyalize aktivite a.

Kritè evalyasyon adisyonèl ka itilize tou pou chwazi pwojè ki asire aksè efikas ak resous piblik yo epi ki bay opòtinite pou kominote ki te istorikman dezavantaje nan Konte Orange. Seleksyon pwojè yo dwe respekte nòm pwokirasyon ki tabli nan 2 CFR Pati 200, direktiv HUD pou detèmine rezonab depans yo, epi swiv tout règleman Konte a ki gen rapò ak pwokirasyon.

Kantite Maksimòm Asistans pou Chak Pwojè : Yo pral evalye pwojè yo pou depans ak enpak yo sou zòn MID la anvan yo bay sibvansyon an. Kantite maksimòm asistans pou chak pwojè se 3,138,150\$.

Konte Orange ap fè eksepsyon ak kantite maksimòm asistans lan, lè sa nesesè, pou respekte nòm aksè federal yo oswa pou akomode rezonab moun ki gen andikap.

Revni Maksimòm Benefisyè a : Benefisyè yo dwe rete nan zòn resansman LMI, oswa pwojè yo dwe sitou benefisyè popilasyon LMI yo (omwen 51%).

Mezi Limit Domaj yo

Tout pwojè enfrastrikti dwe enkòpore mezi rezilyans pou limite enpak dezast nan lavni yo, ki gen ladan yo:

- Amelyore kontwòl inondasyon ak jesyon dlo lapli.
- Mete nòm batimanabri ak enstalasyon piblik yo ajou pou yo ka kenbe tèt ak evènman metewolojik ki gen gwo entansite.
- Ranfòse enfrastrikti kritik (dlo, egou, entènèt bande laj) pou asire fonksyònman kontinye pandan dezast.

Amelyorasyon enfrastrikti anba pwogram sa a kontribye dirèkteman nan pati rezève pou limit domaj CDBG-DR Konte Orange dwe respekte, lè yo kreye enfrastrikti kominotè ki dirab ak rezilyan.

Diminye Baryè Èd yo :

Konte Orange ap amelyore aksè ak asistans enfrastrikti atravè:

- Pwogram sansibilizasyon piblik laj ak efò angajman kominotè
- Ay atelye asistans teknik pou minisipalite yo ak òganizasyon san bi likratif sou pwosesis aplikasyon yo.
- Asire yon distribisyon resous ki jis nan tout zòn jeyografik yo.
- Bay priyorite a pwojè nan zòn ki te sibi gwo mank investisman istorikman.
- Fasilite amelyorasyon pou aksè nan enstalasyon ki benefisyè moun ki gen andikap.

SÈVIS PIBLIK

Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik

Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik yo			
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Montan Distribisyon	% nan CDBG-DR Distribisyon pou Avantaj LMI	Èske Pwogram sa a Dispanse de Limit 15% pou Sèvis Piblik la?
Pwogram Sèvis Piblik	4,000,000\$	12%	Non

Tablo 32: Apèsi sou Pwogram Sèvis Piblik Benefisyè yo

Pwogram Sèvis Piblik

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 4,000,000\$

Aktivite Elijib (yo): Founi sèvis piblik atravè fòmasyon travay, HCDA 105(a)(8), 24 CFR570.201(e)

Objektif Nasyonal: Benefisye Moun ki gen Revni Ba a Revni Mwayen (LMI) — **Ajans Lidè ak Modèl Distribisyon :**

Divizyon Lojman ak Devlopman Kominotè Konte Orange ap sèvi kòm ajans prensipal k ap jere Pwogram Sèvis Piblik la, avèk asistans kontraktè ak founisè kalifye, jiridiksyon patisipan, òganizasyon san bi likratif, ak patnè kominotè yo. Pwogram sa a ap gen règleman ak pwosedi ki etabli pou garanti bon aplikasyon epi pou asire konfòmite ak tout regilasyon leta ak federal ki aplikab. Pou evalye faktè anviwònman ki gen rapò ak pwojè ak aktivite CDBG-DR yo, Konte Orange, kòm yon Antite Responsab (RE), ap asire respè kondisyon anviwònman ki make nan 24 CFR 58. Tout aplikan pou Pwogram Sèvis Piblik la ap oblije, ansanm ak Konte a, antre nan akò fòmèl ki presize tèm ak kondisyon pwogram nan.

Deskripsyon Pwogram:

Pwogram Sèvis Piblik la ap ede fanmi ak kominote ki gen revni ba a revni mwayen, lè li founi sèvis esansyèl ki ankouraje rekiperasyon ekonomik, estabilite nan lojman, epi rezilyans kont dezast nan lavni. Finansman pou sèvis piblik atravè Pwogram Rekonstriksyon Katye Devlopman Kominotè (CDBG-DR) ap dirije espesyalman pou sipòte founiti sèvis kritik bay fanmi ki plis afekte pa Siklòn Milton.

Lajan ki atribiye yo ap distribiye, jan sa nesèsè, bay founisè sèvis lokal ki kalifye ki pa fè pwofi pou plizyè kalite sèvis, ki gen ladan, men pa limite a:

- Sèvis pou endepandans pèsònèl (tankou alfabetizasyon finansye, rechèch ak konsèy sou lojman, ak asistans legal).
- Sèvis sante ak sante mantal.
- Fòmasyon pwofesyonèl ak plasman travay.
- Sèvis ki gen rapò ak rekiperasyon ekonomik, ki enkli zouti planifikasyon pou ti biznis ki nan zòn ki gen risk katastwòf.

Aktivite sèvis piblik yo fèt pou konplete lòt pwogram ki finanse anba CDBG-DR Kidonk, finansman pou sèvis piblik yo pral atribiye sou yon baz konpetitif pandan senk (5) pwochen ane yo.

Zòn Jeyografik ki Kalifye : Tout jiridiksyon Konte Orange la, jan HUD idantifye li kòm Zòn ki Pi Afekte ak nan Pi Gwo Difikilite akòz siklòn Milton (DR-4834-FL).

Lyen Pwogram nan ak Bezwen Ki Pa Satisfè Aprè Katastwòf la: Bezwen pou yon Pwogram Sèvis Piblik anba CDBG-DR te sipòte pa evalyasyon bezwen ki pa satisfè yo, ki te baze sitou sou enfòmasyon ak kòmantè kominote a te bay pandan pwosesis angajman ak sansibilizasyon piblik yo. Sa a te ede idantifye sèvis esansyèl ki nesèsè pou sipòte rekiperasyon ekonomik, estabilite lojman, ak rezistans kont dezast pou popilasyon ki pi afekte yo.

Lòt Kritè Kalifikasyon :

- Moun ki gen revni ki ba jiska modere
- Moun ki rete nan zòn ki plis afekte pa siklòn Milton
- Moun ki pèdi travay oswa ki gen travay ki pa konplè akòz siklòn nan oswa konsekans ekonomik ki swiv li
- Seksyon 3: Travayè ki kalifye oswa Travayè Sib Seksyon 3 dapre 24 CFR Pati 75

Antite oswa Aplikan ki Kalifye : Antite ki kalifye yo se òganizasyon lokal san bi likratif ki gen kapasite pou bay sèvis espesifye yo bay popilasyon ki gen revni ba oswa mwayen (LMI) yo epi nan zòn ki te afekte pa siklòn Milton. Yo pral chwazi antite yo atravè yon pwosesis konpetitif ki gen ladan yon evalyasyon risk pwojè, yon egzamen sou kapasite finansyè òganizasyon an, ansanm ak lòt nòm ki defini nan 2 CFR Pati 200 ak direktiv HUD yo.

Apèsi sou Seleksyon Pwojè yo : Finansman pou sèvis piblik yo pral akòde bay òganizasyon san bi likratif ki kalifye atravè yon pwosesis seleksyon konpetitif. Konte Orange ap mande pou soumèt pwopozisyon pwojè sèvis piblik kòm repons a yon Demann Konpetitif pou Aplikasyon pou òganizasyon lokal san bi likratif yo. Konte Orange pral devlope direktiv, kritè, ak pwosedi pou pwojè CDBG-DR sa yo. Seleksyon pwojè yo dwe respekte tou nòm finansyè ki defini nan 2 CFR Pati 200 ak direktiv HUD yo pou detèmine kapasite òganizasyon an ak rezonablite depans pwojè a.

Kantite Maksimòm Asistans pou Chak Benefisyè: 500,000\$ pa ajans

Gant pou sèvis piblik yo pral akòde baze sou pwopozisyon ajans yo.

Revni Maksimòm Benefisyè a : Patisipan yo dwe gen revni kay ki pa depase 80% nan Revni Mwayen Zòn nan jan HUD defini li pou Konte Orange.

Mezi Limit Domaj yo: Pwogram Sèvis Piblik la pral enkòpore eleman fòmasyon sou rezistans ak Limit Domaj nan kourikoulòm nan, ki gen ladan teknik konstriksyon ki reziste ak danje, pratik konstriksyon dirab, ak jesyon enfrastruktir rezistan. Eleman sa yo vize diminye risk ki soti nan dezast nan lavni epi amelyore rezistans kominote a sou yon dire ki long. Aktivite sa a pa konte dirèkteman nan fon rezève mitigasyon CDBG-DR la, men li konplete estrateji jeneral limit domaj Konte Orange etabli yo.

Diminye Baryè Èd yo :

Konte Orange pral aktivman amelyore aksè a pwogram sa a atravè:

- Kolabore ak òganizasyon lokal san bi likratif ak òganizasyon kominotè pou maksimize rive pwogram nan bay tout popilasyon ki kalifye yo.
- Asire ke sit fòmasyon yo aksesib fizikman epi respekte nòm ADA yo.
- Bay priyorite nan fè pwomosyon ak asistans pou enskripsyon nan zòn ki plis afekte yo.

CDBG-DR FON POU LIMIT DOMAJ

Apèsi sou Pwogram Rezèv Limit Domaj CDBG-DR

Rezime sou Distribisyon Rezèv pou Limit Domaj CDBG-DR					
Klasifikasyon Depans ki Elijib	Bezwen Ki Pa Satisfè	% Bezwen Ki Pa Satisfè	% Finansman ki dwe Depanse nan MID Idantifye pa HUD ak Benefisyèa	CDBG-DR Kantite Distribisyon Rezèv pou Limit Domaj	% nan CDBG-DR Distribisyon Rezèv pou Limit Domaj
Planifikasyon (Plafon 15%)			100%	\$ -	0%
Lojman	279,220,737\$	77%	100%	\$ -	0%
Enfrazstrikti	7,293,371\$	4%	100%	\$ -	0%
Revitalizasyon Ekonomik	37,006,862\$	19%	0%	\$ -	0%
Limit Domaj pou Enfrazstrikti	\$ -	0%	100%	4,351,000\$	100%
Total	196,195,089\$	100%	100%	4,351,000\$	100%
Fon ki poko distribiye:				\$ -	0%
Sibvansyon Total (Fon Rekonstriksyon + Limit Domaj + Fon ki Poku Distribiye):				33,357,000\$	

Tablo 33: Rezime sou Distribisyon Rezèv pou Limit Domaj CDBG-DR.

Apèsi sou Pwogram Rezèv pou Limit Domaj CDBG-DR Benefisyè yo			
Klasifikasyon Depans ki Elijib	CDBG-DR Kantite Distribisyon Rezèv pou Limit Domaj	% nan CDBG-DR Distribisyon	Èske pwogram sa a gen rapò ak dezast la?
Limit Domaj Total:	4,351,000\$	15%	Non

Tablo 34: Apèsi sou Pwogram Rezèv Mitigasyon CDBG-DR Benefisyè yo

Program Limit Domaj

Kantite Fon CDBG-DR ki Atribiye pou Pwogram sa a: 4,351,000\$

